ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№55 (21.713) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 31, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Гуаузэ

Президентыр яхуощыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен яхуэщыгъуэщ Москва и метром къыщыхъуэм зи Iыхьлы, зи благъэ хэкIуэдахэм:

«Гуаузэшхуэ тщыхъуауэ дахуощыгъуэ хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм, УIэгъэ хъуахэм дигу яIоуэ. Зы дин гупсысэкIи, зы дин лъабжьэкIи пхуэгъэзэхуэнукъым экстремистхэм я щыхугъэншагъэр. Ар нобэ ди къэралым и щыхьэгъуэ, дуней псом и дежкIи шынагъуэ хъуащ. Дэ дагъэшынэну ахэр яужь зэриты зыри кьыкIынукъым. Иджыпсту псом нэхъыщхьэр властым и къудамэхэмрэ жылагъуэмрэ я кьарур зэуIу щIауэ терроризмэм пэщIэувэнраща. Цыхуэхэм ящIэн хуейщ террористхэр дэнэ щыпIэ щыIэми, ятлъэкIи пэщIэуж тезырыр зэрахьынур - ахэр зэрагъэкIуэдынур. Дэ тхуэзэфIэкI тщIэн хуейщ ди цыхуэхэр мышынэу, гушхуэдэ псэун папщIэ», - щыжеIэ Президент Къанокъуэ Арсен а тхыгъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхьыщIэхэр яфIэщыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Щэнхабзэмрэ гъэуздэжмрэ зегъэужьным хэлъхьэныгъэшхэр зэрыхуащIам кьыхэIыу щIыхьыщIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист»

Къажэр Борис Залым и къуэм - «Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ Iуэхущапlэм и анахь

Къуныжь Алим ШытIэ и къуэм - и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Музыкэ театр» къэрал щэнхабзэ Iуэхущапlэм и уэрэджыIакIуэм

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист»

Бакуевэ Ларисэ Хъутай и пхъум - «Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ Iуэхущапlэм и артистыр

Бикановэ Ларисэ Мурадин и пхъум - «Балкария» Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэрыуатэ-этнографие ансамбль» къэрал щэнхабзэ Iуэхущапlэм и оркестрым и артисткъ

Кузнецовэ Иринэ Александр и пхъум - «Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театр» къэрал щэнхабзэ Iуэхущапlэм и актрисэм

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Ащхъуэт Людэ Анатолий пхъум - «Щыхубэ творчествэмрэ культпросвет лэжьыгъэмрэ я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ методикэ центр» къэрал щэнхабзэ Iуэхущапlэм творчествэм и лIэужьыгъуэхмкIэ и Iэщlагъэлl пашэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м
№35-УП

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

ЧЕЧЕНОВ Ануар: Уасэр зытращIыхьыр гурыIуэгъуэу щытын хуейщ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэ зэхэтащ. Ар иригъэкIащ Парламентым и Унафэщl Чеченов Ануар.

ЯПэ щIыкIэ хабзэгъэуэ органыбэ и унафэщIым къалэн гъапэ игъэззэщащ. КЪБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъхэр Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Бгырыс къэрал аграрнэ университетым и ректор Темираев Виктор, кафедрэм и унафэщI Фарниевэ Александрэ, факультетым и декан Цугкиев Борис сымэ яритри, Чеченов Ануар пщIэшхэу хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ Iэнатlэм папщIэ Iэщlагъэлl Iэзэхэр игъэхьэзырыр и лIэныгъэкIэ законодательствэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьам хьакIэкIыу. Псалъэм и хьэтырIэ, «Этил спирт, фадэхэкI щIыным, щIэным ехьэлIа гъэжьагъэ зыхьхьэн папщIэ лицензэхэр зэрырагъэкIыр» къащта Федеральнэ Законым фадэхэкIыр ящэн папщIэ лицензэхэр зэрырагъэкIыр зэрыгъэзыгъэ зы къэрал пошлинэ УФ-м и щIыпlэм щагъэуцо.

ПромышленностымкIэ, Гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымкIэ, зэвязыжьыкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкъуэ Сэфарбий къыхилъхьэри, къыдэхуэсэхэр хэпlащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкIу щхьэхуэхэм къэралыр зэрадэIэпыкъун и мащIэкIэ» КЪБР-м и Законым и зэхьэзыныгъэхэр хэпlхьэным теухуа» законопроектым. Ар зи жэрдэмыр КЪБР-м и Президентырщ. Къалэхэмрэ абыхэм я гъэмэгъу жылагъуэхэмрэ гъуэгу транспортымкIэ ефдежIыкIэхэм къыхэзыщащIыкIыхь уасэхэм льготэхэр зэрыщыкъуагъэуваМ къыхэхIыу, а IэнатIэм и IуэхущапlэкIэм ягъуэтыжьыныгъэхэр 2010 гъэм федеральнэ центрым УФ-м и щIыпlэм и бюджетхэм хуиутIыпщ субсидиехэм къыхахыу ирагъэкъыкIыным теухуауэ УФ-м и Правительствэм и унафэр гъэзэщIэным теухуащ ар.

Зи гугъу тщIа законопроектэр хабзэгъэуэ органым и сессием къыщыхьалъхьэнчуд абыхэм къыдэкIыу щIыным, и Iуэху епlыкIэр дуней псом щытепщэ ищI зэрыныкъуныр, нэгъуэщIхэми ечэнджэщын зэрыхуейр.

Къэрал нэхъ лъэрызехьэр нэхъ лъэрымрыкъым дэгуашэу, жаIэм щIэдзыу, Iуэхуэм я хэкIыпlэ нэхъыфIыр абы я гъуэсэу кьилъхьэуэ щытын хуейщ. Езым и Iуэху епlыкIэр наIуэ кьимыщIыщэу, адерейхэм ейри кьимыльыгъу псэу хъуакъым, - жIащ абы.

Апхуэдизу ткIийуэ хамэ къэрал унафэщIхэм'ар щIапэщIуэвэр ныкъусанытхэр къэгъэлъэгъуэныр зи гуапэ и хэхахIуэхэр щхьидихьэхын папщIащ.

♦Мальтэ Республикэм и лъэпкъ гъэзэщIапlэ - Цыкlухунтыныгъэм и махуэщ (1979 гъэ лъандэрэ).

♦Берлин щызэхэтынущ Германие - Урысей форумым и цIыкIэ зIуIущэ. Абы Фридрих Йозеф Хаазе и цIэкIэ ягъуэна саугъэтыр зыхуагъэфощахэм щратыжынущ.

♦Москва щекIуэкIынущ медицинэ промышленностым и лэжьакIуэхэм я III Урысейпсо зэIущIэ.

Плэмэнтр лъагъэхъуэмрар ГЪУЩIО Зарифи.

Iльпкъ Iущыгъэ:

Тенджызрэ пэт ткIуэпс-ткIуэпсу зэхэтщ.

●Нобэ

Зэрылъытэныгъэм и лъабжьэ

КЪБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэм гъатхэпэм и 31-м иригъэкIуэкIынущ «Прохладнэ къалэ округым щIыпlэкIэ, дин зэхъущытыкIэхэм я лъабжьэр зэрылъытэныгъэрщ» зыфIаща зэIущIэ.

АБЫ и мурадыр лъэпкъ, дин Iуэхуэхэр зэрызэфIах Iэмалхэм зэгъэужьынырщ, республикэм щекIуэкI ЩIалэгъуэ-политикэ Iуэхугъуэхэм щIалэгъуалэр хэшэныгъ.

Зэраубзыхуам тету, КЪБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэм хэтхэм Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и лIыкIуэхэм, апхуэдэу лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм (общинэхэм) щыщхэм «Лъэпкъ диаспорэхэм я Iуэхуэхэр зыхуэдэмрэ Прохладнэ къалэ округым и социальнэ гъащIэм ахэр зэрыхэзагъэмрэ» зэпэщрахьынущ.

ЗэIущIэм хэтынущ КЪБР-м щэнхабзэмкIэ, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныгъэ щIалэгъуалэ Iуэхуэхэмкlэ и министрэу Фырэ Руслан, Пащты Борис, республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщlым и къуэдзэ Власов Александр, Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ Пархоменкэ Юлие, «Iуэху зезыхьэ Урысей» жылагъуэ организацэм и пашэ Лобжанидзе Татьянэ, Прохладнэ къалэ округым и ГОВД-м и унафащI Крючков Вячеслав, Прохладнэ къалэм зэуIуу щыпсэу лъэпкъхэм я ЩIалэгъуэр.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.

ЧЕЧЕНОВЫМ И ЩIАЛЭГЪУАЛЭ ЩЫЩЫНАТЫМ ЯЩЫНАТЫЖЫ

Чеченовэ Марьям Сергей и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №8-м зэзыгъэкIуж и судьяуэ гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судьяхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. **Чеченовэ Марьям Сергей и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №8-м зэзыгъэкIуж и судьяуэ ильэситху пlалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм кьыщыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м
№298-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтынымк Iэ Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Хабзэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. ЩIэуэ я кьыхахахэм тещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэгъэхьэн щIыпlэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр:

Аулъэ Ахьмэд Ахьед и кьуэр - «Дзэлыкъуэ районым и ЩIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Къайсын Залым Анатолий и кьуэр - «Аруан районым бэнэкIэ хуитымкIэ и федерацI» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Соловьевэ Олеся Виктор и пхъур - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ районым и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм кьыщыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Ч ЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м
№321-П-П

●Шэджэм куей

Лъэпощхьэпо яIэжкъым

Илъэс зыбжанэ хьуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ «Уэрыншагъэ» лъэпкъ проектыр. Абы ящыкIэ, Шэджэм Ищхьэрэ къуажэм дэт сымаджэщым иджыблагъэ IэмэпсымэщIэхэр къыIэрыхьащ. Сымаджэхэр щогуфIыкI дзэм щеIэзэ, гъуджэ щытрах кабинетэм иджырей IэмэпсымэщIэхэр зэрыщIагъэувам икIи абыхэм къыщыхуащIэ IуэхутхьэбзэмкIэ арзэхэщ.

АПХУЭДЭУ ягъэлажьэ къуажэ сымаджэщым медицинэ Iэмэпсымэщlэхэр къыхэзыIэрыхьам и фIыгъэкIэ рентген, физиотерапевтическэ пэщIэр, лабораторэ щхьэхуэхэр къыхэIуахащ. Абы къокIуэ гъунэгъу къуажэхэу Хъущтэ-Сырт, Эльтюбю, Булунгу щыщ сымаджэхэри, Уеблэмэ куейм и кьалащхьэм икIыу зызыгъэхъужьыну Шэджэм Ищхьэрэ сымаджэщым кIуэхэри щыIэщ. Нэхьапэм транспорт тэмэм зэрамыIам кьыхэкIыу зэIуэзэн хуейхэр гугъуехьышIэу къашэфыртэзкьым, иджы «ДIэпыкьгъэгъ псынщIэу» УАЗ автомашинэ кьратащи, апхуэдэ лъэпощхьэпохэри яIэжкъым.

Лашынкъей дэт кьуажэ амбулаторэми иджырей медицинэ Iэмэпсымэщlэхэр яIэрыхьащ. Дзэм щIэзэ пэшыр зыхуей хуэзэу зэрахьащ, физиотерапевт Iэмэпсымэхэри кьащхьэщ. Амбулаторэр мыин дыдэми, махуэм хуэзэу щIыху 50-м нэс кьокIуаIэ. Лэжьакlуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Iэмэпсымэщlэхэм я фIыгъэкIэ лэжьыгъэри нэхъ тынш хьуащ, сымаджэхэм ягъуэт медицинэ Iуэхутхьэбзэхэри ефIэкIыщ.

Шэджэм куейм хьихь кьуажэ зыбжанэм дэт сымаджэщхэр, амбулаторэхэр зэрагъэпщынкьащ «Уэрыншагъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ. Иджы Эльтюбю жылэм амбулаторэщIэ щащхъуэнущ.

ДЗЭГЪАЩIГЪ Азэмат.

●Бахьсэн куей

Iэщ гъэхъуным зеужь

Нужьрей илъэсищым хэпщIыкIыу хэхъуащ Бахьсэн районым и мэкъумэщ Iэнатlэхэм Iэщlу яIэм.

2009 гъэм лыхэкIыу мы куейм къыщалэжьар абы и пэ ита итъэсым яхуэзэфIэкIам нэхъ зэрэхуэдитым нэхъ Iэныгъэфlэхэр яIэпымкIэ Iэщlыхьэхэм сэбэпышхуэ къахэхъуащ «АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, къэралым кьарита субсидиехэр. «Урысеймэкьуэмэ банкымкьэхунутIыпща ахьшэмкIэ мэкъумэщ хозяйствэхэм я мызакъуэу, а Iэнатlэм зезыта унагьуэхэми Iэщ гъэпкьыфIэхэр зэрагъэпlащащ икIи абыхэм ящыщ кьэдыр мы зэманым быыныкIымрэ гъэшхэкIымрэ езыхэр хьарзынэу яолэжьыж. Апхуэдэу Iуэхур екIуэкIэ, мэкъумэщ Iуэхущапlэ мыинхэм я фIыгъэкIэ районым и АПК-р лъэ быдзкIэ увынущ. Мы зэманым куейм и бюджетым хэлъхьэныгъэхэр зэрыщIэн и пэ, Налшык щыщ пащтыкIэ Iэпщlэлъапщlэхэр яIущlащ гъуэзджэмкIэ республикэпсо сабий ефкапlэу Мейкъуэпэ дэтым и гъэсэнхэм икIи гупсэхуу яхутепсэлъыхьащ упщIэ гъэпщIэкIэм и щэхуэм. Апхуэдэу а махуэм ахэр хунэсащ сурэтыщI хьэрэкIыныгъэхэр хущхьэныкIыу теуухуауэ» КЪБР-м и Законым и проектыр, апхуэдэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фадэхэкI щащэныкIэу зэхэтыр зэрыратым кьыпэкIуэу кьыдах лицензэ ахьшэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьару имыIэжу кьэлъытэным теухуа Iуэхур. Комитетым и унафэщI Марьяш Иринэ зэрыжиIамкIэ, законым и проектыщIэр ягъэхьэзыращ Федеральнэ законодательствэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьам кьыхэкIыу. Псалъэм и хьэтырIэ, «Этил спирт, фадэхэкI щIыным, щIэным ехьэлIа гъэжьагъэ зыхьхьэн папщIэ лицензэхэр зэрырагъэкIыр» къащта Федеральнэ Законым фадэхэкIыр ящэн папщIэ лицензэхэр зэрырагъэкIыр зэрыгъэзыгъэ зы къэрал пошлинэ УФ-м и щIыпlэм щагъэуцо.

ПромышленностымкIэ, Гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымкIэ, зэвязыжьыкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкъуэ Сэфарбий къыхилъхьэри, къыдэхуэсэхэр хэпlащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкIу щхьэхуэхэм къэралыр зэрадэIэпыкъун и мащIэкIэ» КЪБР-м и Законым и зэхьэзыныгъэхэр хэпlхьэным теухуа» законопроектым. Ар зи жэрдэмыр КЪБР-м и Президентырщ. Къалэхэмрэ абыхэм я гъэмэгъу жылагъуэхэмрэ гъуэгу транспортымкIэ ефдежIыкIэхэм къыхэзыщащIыкIыхь уасэхэм льготэхэр зэрыщыкъуагъэуваМ къыхэхIыу, а IэнатIэм и IуэхущапlэкIэм ягъуэтыжьыныгъэхэр 2010 гъэм федеральнэ центрым УФ-м и щIыпlэм и бюджетхэм хуиутIыпщ субсидиехэм къыхахыу ирагъэкъыкIыным теухуауэ УФ-м и Правительствэм и унафэр гъэзэщIэным теухуащ ар.

Зи гугъу тщIа законопроектэр хабзэгъэуэ органым и сессием къыщыхьалъхьэнчуд абыхэм икIи щIэныгъэлI цIэрыIуэ Лопащlэ Нурбий и лъэщапIэри, Гъуэкlэ Замудин и уней-музей цIыкIури зрагъэлъагъуну. Фэиту къэдгъэкIыжынщи, Гъуэкlэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ, абы «псэщIэ хилъхьэжащ» адыгэ арджэн щIыкIэм, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэ лIэужьыгъуэ зэрыщIагъэр. «КъигъэпсэужащI», «Жьыу» Iуэрыlуатэ ансамбль къызэрагъэпэщащ, щIэныгъэ бгъэдалъымкIэ щIалэгъуалэм ядогуашэ.

Сурэтыщlкэр, тхыдэжкэр, журналистэхэр, щIэныгъэ щрат Iуэхущапlэхэм я егъэджакIуэхэмрэ ефдежкIуэхэмрэ, лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджмрэ фIыуэ зыльагъэу куэд кьрихьэлIэу къызэIуаха гъэпсэгъуэныгъэм къыщыпсэлъащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр **Жэмыфэ Гъазий** , абы сурэтыщI хъыджжэбзэм фIэхъус гуапэ ярихащ, дяпэкIи ехьулIэныгъэфIэкIэ яIэну ежьуэхъуащ.

Адыгэм и Сурэтыщlкэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Хъуажь Пэмэзан** дэ пащащэхэм къащытхъуащ упщIэхэр щагъапщэм плъыфэхэр Iэкlуэпlакlуэу, хэпlлъхьэн щыныIэу зэкlуу къызэрыхахам, хужьыфэ-фIыщIафэм и мызакъуэу, нэгъуэщI плъыфэ зэхэлъыкIэхэр. **Лолаевэ Нурбий** ирихащ, а пашэм сэрей Iэщlагъэм дихьэх пщащэ гуп ди лъэхъэнэгъухэм яхэтыкIэ зэрыщымыгугъар икIи апхуэдэ гулыытэрэ гукъыдэжрэ зиIэ хъыджэбз Iэпщlэлапщlэхэм хуэфащэу зэрыщыгугъыкIыр. Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Гъуэкlэ Замудин** ди хъыджэбзхэм я зэфIэкIыр лъагэу къыпльатащ икIи кьыхигъэщащ абыхэм мыхьэнэщхэу зиIэ Iуэху щхьэпэм - пасэрей лъэпкъ Iэщlагъэу упщIэ гъэпщIэныр къэгъэщIэрэщIэжьыным - зэрыразпащытар.

Дяпэ итахэм я Iэщlагъэхэр къэгъэщIэрэщIэжьынымрэ хэкупсэ нэсым и зэфIэкIыу зэрыщытыр, Налшык щыщ пащащэ Iэщlэ зыщI Iэпщlэлъапщlэ **Гъэзугунокъуэ Мурат** и лъэщапIэм, гобелен зэIущынм цIэрыIуэ ирихьуа **Абрэдж Гуащэхужь**, сурэтыщI-модельер **Стlащ Юрэ** сымэ я деж. Адыгей къэрал университетым гъэзджэмкIэ и институтым ахэр щыIуащI УФ-м и Сурэтыщlэм я зэгухьэныгъэм хэт **Авакумовэ Еленэ**.

Гъатхэпэм и 31 пщIондэ гъэлъэгъуэныгъэр Мейкъуэпэ щыIэну я гугъами, а пIалъэм пащэнущ, выставкэм щIэупщIа зэриIэм, цIыхуэхэр кьыхэрекIуалIэм къэрал университетым гъэзджэмкIэ и институтым ахэр щыIуащI УФ-м и Сурэтыщlэм я зэгухьэныгъэм хэт **Авакумовэ Еленэ**.

Гъатхэпэм и 31 пщIондэ гъэлъэгъуэныгъэр Мейкъуэпэ щыIэну я гугъами, а пIалъэм пащэнущ, выставкэм щIэупщIа зэриIэм, цIыхуэхэр кьыхэрекIуалIэм къэрал университетым гъэзджэмкIэ и институтым ахэр щыIуащI УФ-м и Сурэтыщlэм я зэгухьэныгъэм хэт **Авакумовэ Еленэ**.

Къэкlыпlэ гъэзджэхэмкIэ музейм и кьудамэу Мейкъуэпэ дэтым и лъжьакIуэхэм я фIыгъэкIэ, зэIущIэ гукъинэжхэм етIуанэ махуэми пащащ. Налшык щыщ пащащэхэр щыIащ Iэщlэ зыщI Iэпщlэлъапщlэ **Гъэзугунокъуэ Мурат** и лъэщапIэм, гобелен зэIущынм цIэрыIуэ ирихьуа **Абрэдж Гуащэхужь**, сурэтыщI-модельер **Стlащ Юрэ** сымэ я деж. Адыгей къэрал университетым гъэзджэмкIэ и институтым ахэр щыIуащI УФ-м и Сурэтыщlэм я зэгухьэныгъэм хэт **Авакумовэ Еленэ**.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщыхэIуахым зыкъерезыгъэхьэлIахэм яхэтащ АР-м щIэнхабзэмкIэ и министр Жмыфэ Гъазий, сурэтыщI-модельер Стlащ Юрэ, щIэныгъэлIхэу Гъуэкlэ Замудинрэ Лопащlэ Нурбийрэ, «Адыгэ Хасэм» и тхъэмадэ Хьэпей Арэмбий, Адыгэ Республикэм и Парламентым и депутат Кушу Руслан.

●Гъуазджэ

УпщIэ гъуэгукIэ - Мейкъуапэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къызэригъэпэщауэ мы гъэм щыIыщIэ мазэм Налшык щекIуэкIуэну упщIэ гъуэгу» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэ. ди республикэм щыщ сурэтыщI пащащэ гупым я Iэдакъэщlэкlэхэр щызэхэзыгъэсауэ. Мы махуэхэм а лэжьыгъэхэр Мейкъуапэ щагъэлъагъуэ.

Д И ЛЪАХЭГЪУ пащащэ Iэпщlэлъапщlэхэу **Тхьэкlумашэ Ланэ, Щокъарэ Диана, Елей Миланэ, Токаревэ Наталье, Бекъул Лаурэ, Мокаевэ (Текуевэ) Динэ** сымэ я лэжьыгъэ 37-рэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех **Къарей Элинэ** я Iэрыкlэкlэр щащIым триха сурэт 30-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Москва щыIэ музейм и филиал Мейкъуапэ дэтым и утыкум кърахьащ. Музейм и пэшилI зыубыда лэжьыгъэхэр екIуу зэкlэлъыхьауэ, зэгъэкIуауэ фIэдэзэм, экспозицIэр зыхуэгъэхуауэ гъэпсыным егупуагъэ гъэпlэгъэныгъэр егъэкIуэкIыныр зи нэIэ щIэта, музейм и щIыныгъэрылажьэ нэхъыжьхэ **Кушу Ларисэрэ** къудамэм и унафэщI **Сулеймэн Фатlимэрэ,** сыпкIи зэрадзэпыкIуным хущIэкъуащ музейм и унафэщым и къуэдзэхэу **Пэнэфэ Руслан Къуиикъуэ Жаннэрэ**. Лэжьыгъэ Iэкlуу КIэ Москва кIуэн хуейуэ гъэпсыным егупуагъэ рэ телефонкIэ къытщIэупщIащ, ди Iуэху зытет зригъэщIащ музейм и унафэщI **Кушу Нафисэти**.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуахын и пэ, Налшык щыщ пащащэ Iэпщlэлъапщlэхэр яIущIащ гъуазджэмкIэ республикэпсо сабий ефкапlэу Мейкъуапэ дэтым и гъэсэнхэм икIи гупсэхуу яхутепсэлъыхьащ упщIэ гъэпщIэкIэм и щэхуэм. Апхуэдэу а махуэм ахэр хунэсащ сурэтыщI икIи щIэныгъэлI цIэрыIуэ Лопащlэ Нурбий и лъэщапIэри, Гъуэкlэ Замудин и уней-музей цIыкIури зрагъэлъагъуну. Фэиту къэдгъэкIыжынщи, Гъуэкlэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ, абы «псэщIэ хилъхьэжащ» адыгэ арджэн щIыкIэм, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэ лIэужьыгъуэ зэрыщIагъэр. «КъигъэпсэужащI», «Жьыу» Iуэрыlуатэ ансамбль къызэрагъэпэщащ, щIэныгъэ бгъэдалъымкIэ щIалэгъуалэм ядогуашэ.

Сурэтыщlкэр, тхыдэжкэр, журналистэхэр, щIэныгъэ щрат Iуэхущапlэхэм я егъэджакIуэхэмрэ ефдежкIуэхэмрэ, лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ фIыуэ зыльагъэу куэд кьрихьэлIэу къызэIуаха гъэпсэгъуэныгъэм къыщыпсэлъащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр **Жэмыфэ Гъазий** , абы сурэтыщI хъыджжэбзэм фIэхъус гуапэ ярихащ, дяпэкIи ехьулIэныгъэфIэкIэ яIэну ежьуэхъуащ.

Адыгэм и Сурэтыщlкэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Хъуажь Пэмэзан** дэ пащащэхэм къащытхъуащ упщIэхэр щагъапщэм плъыфэхэр Iэкlуэпlакlуэу, хэпlлъхьэн щыныIэу зэкlуу къызэрыхахам, хужьыфэ-фIыщIафэм и мызакъуэу, нэгъуэщI плъыфэ зэхэлъыкIэхэр. **Лолаевэ Нурбий** ирихащ, а пашэм сэрей Iэщlагъэм дихьэх пщащэ гуп ди лъэхъэнэгъухэм яхэтыкIэ зэрыщымыгугъар икIи апхуэдэ гулыытэрэ гукъыдэжрэ зиIэ хъыджжэбз Iэпщlэлъапщlэхэм хуэфащэу зэрыщыгугъыкIыр. Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Гъуэкlэ Замудин** ди хъыджжэбзхэм я зэфIэкIыр лъагэу къыпльатащ икIи кьыхигъэщащ абыхэм мыхьэнэщхэу зиIэ Iуэху щхьэпэм - пасэрей лъэпкъ Iэщlагъэу упщIэ гъэпщIэныр къэгъэщIэрэщIэжьынымрэ зэрыразпащытар.

Дяпэ итахэм я Iэщlагъэхэр къэгъэщIэрэщIэжьынымрэ хэкупсэ нэсым и зэфIэкIыу зэрыщытыр, Налшык щыщ пащащэ Iэщlэ зыщI Iэпщlэлъапщlэ **Гъэзугунокъуэ Мурат** и лъэщапIэм, гобелен зэIущынм цIэрыIуэ ирихьуа **Абрэдж Гуащэхужь**, сурэтыщI-модельер **Стlащ Юрэ** сымэ я деж. Адыгей къэрал университетым гъэзджэмкIэ и институтым ахэр щыIуащI УФ-м и Сурэтыщlэм я зэгухьэныгъэм хэт **Авакумовэ Еленэ**.

Гъатхэпэм и 31 пщIондэ гъэлъэгъуэныгъэр Мейкъуапэ щыIэну я гугъами, а пIалъэм пащэнущ, выставкэм щIэупщIа зэриIэм, цIыхуэхэр кьыхэрекIуалIэм къэрал университетым гъэзджэмкIэ и институтым ахэр щыIуащI УФ-м и Сурэтыщlэм я зэгухьэныгъэм хэт **Авакумовэ Еленэ**.

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,
«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI.

Щэнхабзэ Гъуазджэ Литературэ Щэныгъэ Анэдэлъхубзэ

«Адыгэ псалъэм» и къудамэ

Шыхулъагъуэ

ГукъэкІыжхэр Гъуэгуанэ тхыгъэхэр Хъыбархэр

ЛІыхэм пцІы яупсрэ?

● Дыхьэгъ

ІЭНЭМ дапщэрэ дебгъэрыкІуами дыбгъэдэмыкъуэрэ, зэманыр жщыбгъым нэблагъэуэ, дэри дыкъэмэжьлІауэ пэщышхуэм и бжэр щыІутхым, пщэфІапІэм щІэт фызхэр - хэти бэлагъ, хэти хупщІынэху, сэ, гуахъуэ зыІыгьи яхэту кыщІэжьхэри, блыным хуэдэу диувыкІа лІы гупыр дыкърагъэкІуэтащ.

- Дэ дыщщафІэу дылъэуджыджэу, ди Іэнэр тевгъэкъэбзыкІыпуэ? Ал-л-лыхь, фхъуэдмыдэиу-тІэ? ФытекІуэтыт псынщІэу, илъэсыщІэр кымыхьэу мы ди Іэнэр фэдгъэуэхъуэнщІынукъым... - жаЗуэрэ, кІэлындорым дыкъахуащ. Ауэ зыгуэрым игу къытщІэгъури, бжьэ ныкъуэрэ зы стэканрэ къытхущІихьащ, нащэ гъэфІэІуа щІыгъуу:

- МащІэ куэдми, згянрьэкъу.

Фадэр зи псыщІэгъэльадэу къэтэджа лІы зыхыблым ди дэ кугъуанэм идтъжьхьыну ар гъуриканунтэхьыми, зэми пхъэидзэ тщІыуэ зи Іуэху къинкІыжьхэм иредгъэфыну къыхэтІльхьащ. ДызэгурымыІуэу ныкъуакъуэ къыщикІым, Хъэжджэрий къыхилхьам псори арэзы дытехьуащ: хъыбар нэхъ гъэщІэгъуэн дыдэ къыджезыІэм иредгъэфынщ...

Псом япэу езы Хьэжджэрий къыхидзащ:

- Сэ щІы сІехуейкъым. АІэ, Тхьэм жимыІэкІэ. Фэри зэхэфхагъэщ мыр. Мы гъэмахуэм Жэмтхьэлэм апхуэдизкІэ щыуэлбэнати ди хьэхэм я тхьэкІумэм тхъэрыкъуэф къинкІэри, бадзэм и пІэкІэ псыдыуэ хищІауэ щытащ...

- Зи насып, - инхъуэтащ абы и псалъэр Зураб. - Сэ сыщымэлІыхьуэ Къурей губгъуэм мы гъэм хуэдэ уэгъу къыщыхъуащ зыщІэж щыІэкъым. Фи фІэщ хъун, апхуэдизкІэ дунейр гъущат, гъущэщхъэ хъуати, мыбы къэхтх письмор зэрыдэ машинэкІэ зэтрезгъадэрэтэм, зэрыдзэтедгъэщІэн псы Іагъэ гуэр щыІэтэкъыми. Хьэдагъэ кІуэн кхъхъуамэ, фызхэм псы фалъитІ-щы ирафырт, нэпс ткІуэпс кхьпхущІэпІытІыкІынутэкъыми. Ар сыт? Нэхъ тпэгъунэгъу къутырым я джэд фермэшхуэм тет джэдхэм махуэ къэс мыл къута ирамыгъэшхмэ, джэдыкІэр ивыкІауэ къакІэщІырт. Ауэ псом хуэмыдэу ди фэ изыхьэр Къурей жыыбгъэрт. Борэн кхъыкъуэамэ, махуэ Іэджкі Іэ дыгъэр шэджагъуэпІэм ирт, жьым къуамыгъэхьэжу. А фермэ зыкъуэкІэм тет джэджьейхэр зыжьм имыхьын щхьэкІэ, щэпхъ ирагъэшхуэ ди гъэпсынкъуэ си нитІкІэ слъэгъащ. Махуэ гуэрым апхуэдэу жьышхуэ къыкъуэуати, мэлыр сфЫзэбгрихынущ жьыСІэри, си башыр хэстІэщ, щІакІуэр абы фІэдзэжри, хъущэм егъэзыпІэ яхуэсщІат. АрщхьэкІэ - ажэр емынэжъ!! - сІэщІэкІщ аби, жьыбгъэм хэльэдати, и фэр жьым триудри, Къалмыкъым ихьащ, си ажэу пльагъур и анэ кызэрилъхуауэ щІыпІэу къытынэри...

- Жьы щыжьпІэм снуг къэкІыжащ, - утыкум кьихьащ Къармэхьэблэ щыщ Щэрэлыкъуэ. - Ди жьылэ дэсщ Хьэдис жари щІалэ хъыжьэ гуэр, жьым тесу псым ёопыдж жьхуаІэм хуэдэу. «ЦІыхъм къысхужаІар я нэкІэ езмыгъэлъагъуамэ, сытхъэгъэпщІи», - жиІэри, абы Балькъ ауэкІэ къыдэкІ жьыбгъэр къиубыдщ, шэсщ, Бабыгуейкіэ къыблитхьущ, Анзбей зыщихуащхьащ, Бахьсэн гъуэгужьым къытеувэщ аби, Налщык къэкІауащ. Жьыбгъэми иридзыкъу, зэми ихъыжьжьэм ирадзэ, Хьэдисым зигъэбыдэри, Щэрэдж ауэзымкІэ дэжеищ, Гуэл �щхъуантІэхэм щхьэщылъэтри, Балькъэр Ищщэм дэс и ныбжьэгъужь гуэрым дежьщесыхати, мэл хуаукІиу фІыуэ къагъэхьэщІэху, уэлэхь жьыбгъэр я бом щІэтам, зиуКІыжу...

- Жьыбгъэ зыубыда щыІэ? - жиІэу зыгуэр щІэупщІати, Щэрэлыкъуэ и жэуапым пэмыплъэу, Хьэжмуэ жиІащ:

- Жьыбгъэм афІэкІа лъэжЫркъэ? Сэ мы си нитІыжьмкІэ сльэгъуащ борэным ди къуажэ ныкъуэпІр кьричу ищхьэр ильагъкъуэ зэрирэувыжар. Ар тІэкІу яижри, силос чэщанэ ящІауэ ноби дэтщ ди жьылэм. Ди лэгъупжьым къыщыщІар-щэ? Зымахуэ пщафІэу здэщытым жьыбгъэм кьигащтэри, дагъэр зытрикІэжащ. Ар апхуэдизкІэ щанлъэ хъуати, псыкъуийр кьізыча жьым хуехьэжакъым, пшахьуэ кьихьу кьримыудэкІыу. ИтІанэщ щрихьэжьэфар...

- Апхуэдэ хуабэ зыльагъуу зи къупщхь дияжэр зыгъэхуэбжьым и насыпщ, - и пІэр зэхущащ Сурэждин. - Уэлэхи, дэ Хьэмащэ щІыІэм дыщеукІмэ. НапІэзыпІэу уаем зыкъыззкъуехри, хьэндыркъуакъуэхэр псым къыхэпкІыжьыну хунэмыс, я щхьэр къыхэпІиикІыу мылым хэщтхьауэ урохьэлІэ. Зы гъэ Іэщщр къетхухьжьыну зыдгъэхьэзыра къудейуэ зы уае кхъхуати, уэсыр ущхъуэнтІат. Жэмхэр къэтпшын щхьэкІэ, я щхуэлым мафІэ щІэтщІэрт. Ауэ псом иэхъ тельыджэ тышхьэраращи, гуфІуэу бабэщІэр щэдыпІъэ гуэрым хэщтхьахэтп, зыщаІэтыжьым гуэлыр здрахащ, щІыпІэр нэщІу къагъанэри.

Уэлэхьи, пшагъэуми кІуапІэрэ жапІэрэ къыдимыт. Мазэ енкІэ щытелъ щыІэщи, жэмышхэм тУрытІу фІэкІа къакІухь хъуркъым: зым ІэкІэ пшагъуэр зэлъыІуегъэкІуэт, адрейр абы и ужь иту макІуэ. Тэрэ налмэс заводым пшагъэуэр зэрызэпаущІ тхуимыщІамэ, ди Іэщхэр зэтелІат. Пшэдджьжьым дыгокІри, километр и кІыхьагъэшу, метр 300 и бгъуагъэшу пшагъэуэр зэпыдоупщІ, зэтыдолъхьэжри, къыщІэщыжа хъупІэм Іэщщр щыдогъэхьуакъуэ. Нэгъабэ мыхьуу абы и пэ гъэм зэтетлъха пшагъэуэр мыткІауэуэ зэтелъу мы гъэм дрихьэлІэжауэ щытащ...

- ИІэт, иІэт фыкъэтІыщІ псынщІэу, ИлъэсщІэр къэсащ, - жаІэу щІыхубзхэм ди Іэблэр яубдыкъу пщІыхьэпІэу дигу къэкІыжьыкъым бжьэ ныкъуэр игупым. Сыт тщІэнт: ар кхъыдэтщтэкри, Іэнэм дыпрэгтІыхьащ, лІыхэм пщІы зэрыдмыупсыр хъэжьыу ди фІэщ хъэрэ абыкІэ щІахубзхэм дащІэнакІэу.

МЭЗЫХЬЭ Борис,
тхакІуэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

● Тхыдэ

Наполеон адыгэ мамлюкхэм йопсальэ. *1798 гъэ*

Наполеонрэ мамлюкхэмрэ

1798 гъэм накьыгъэм и 19-м Наполеон Бонапарт и дзэр хым техьауэ щытащ, кхъухь 55-м итІысхьэри: Мысырыр кьиІэуэн щхьэкІэт дзэпщ щІэрыІуэр гъуэгу щытехьар.

ЗэуакІуэ ежьэн и пэ Наполеон щыгъуазэ зыхуищІащ Египетым и тхыдэм. Илъэси 135-кІэ (1382 - 1517 гъ.гъ.) ар яІэщІэльат адыгэ мамлюкхэм, иджыри зи Іэмышіэ илъыр мамлюк дзэпщхэрт - Мурад-бейрэ Ибрэхым-бейрэ. 1798 гъэм, Бонапарт зэриткъыкІэ, мамлюкхэм я бжьыгъэр мин 50-м щигъурт, абыхэм щу мин 12 яГъэщІэсыбрырт. Шэрджэс щу мин 12-р зэхикъутэн щхьэкІэ, Наполеон зауэлІ мин 32-рэ тришащ хым...

НАПОЛЕОН и дзэр хы Іуфэм есыслІащ 1798 гъэм мэкъуаугъэуэ мазэм и 30-м. Александрие деж щитІысыкІа дзэм я пащхьэ иувэри, Наполеон жиІащ: «Мамлюкхэм кІэ яГъуэтыныщ махуитІ-щыкІэ». Александриемрэ гугъу дехьакъым Наполеон. Хьэрыпхэм яжриІащ: «Мамлюкхэм факъыІэщІэсхын щхьэкІэщ сыкьыщІэкІуэр».

Бонапарт и дзэм Каиркіэ иунэтІащ. Махуитхукіэ гъуэгу тетауэ, генерал Дезе и дивизэр Даманхурэ деж мамлюкхэм Іуущ. Франджыхэр зауэм щагъуэнэхуатэкъым мамлюкхэм, кьарихьэлІари лъэсыдзэти, кьаззрьфІэІуэху щыІэтэкъым. Шу 600 фІэкІ мыхъуми, мамлюкхэр Дезе Луи и дивизэм ебгъэрыкІуащ. Франджыхэр иувыкІри, мамлюк шухэм шэр кьытракІутащ: сэшхуэм жунагъэсакъым, гъы мафІэр кьрадзэурэ шухэр кьрагъэпсыхащ.

Мамлюк шухэм Даманхурэ деж кьащыщыщІар щыІэзэхихым, Мурад-бей губжьащ, шу минищрэ фочауэ минитІрэ зыщІигъури, Каир кьыдэкІащ. Абы и ужь итт Ибрэхым-бей зи пашэ дзэр.

Мамлюкхэмрэ франджьыхэмрэ къумым щыІэзэпуэращ. Зэпэуваущ, сыхьэтитІ-щыкІэ зэпэщІэтащ дзитІыр. Наполеон итхьжащ: «Дыгъэм пэлыдыртт мамлюк шуудзэ тельыджэм я афэ джанэмрэ я жьыр пІыэхэмрэ. Лыгъэ зэрахэльри зэрыІэщащкІуэри ядэплъагъурт мамлюкхэм. УеплъынкІэ защыбгъэщІыртэкъым».

Франджы зауэлІхэм зэпэзэдакъэ защІри иувыкІати, ятпэ нэс мамлюк шур кьыхагъащІэурэ, Мурад-бейрэ Ибрэхым-бейрэ я дзэм игьащІэкІэ зыпэмыплъа удын кьрадзащ. Мамлюкхэм шу хахуэ 300-рэ лъэсыдзэ 400-500-рэ щафэкІуэдащ абдеж. Абы и ужькІэ Мурад-бей кьыгурыІуащ бийм лІыгъэ кьудейкІэ уэзрыпэмылъэщынур, лъэсыдзэми нэмыплъ ептт зэрымыхьуныр. Я лІыгъэращ адыгэ щухэр игьащІэ кьэс кьыкъуэгушхуэкІар: мамлюк шу минитщым хагъэщІэфынут уэсжэн зауэлІ мин щэ ныкьуэ. Франджьыхэр нэгъуэщІщ - я Іэщэкіи я зэуэкІэкІи. Я лІыгъэм иригушхуэурэ мамлюкхэр бгъэлэрыгъауэ кьэщІэкІащ, ауэ кІасэ яхьакІэт ар мамлюк дзэпщхэм кьащыгурыІуам, щыгъуэ...

Шубрахитэ кьуажэм деж щекІуэкІа зауэм франджьыхэр щытекІуащ. Пэжщ, Наполеон мамлюкхэм щариугъэпщца дзэр зауэлІ мин тІощІ хьэрт, топ 42-ри иІэт. Мамлюкхэр зэррыхьур минийт.

Дзитыр Нил псым и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм, Каир хуэзанщІэу, пирамидхэмрэ Эмбабэрэ я зэхуакъум, 1798 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м щыІэпэуващ аргуэру - абдеж щыІэзэхэкІэн хуейт текІуэнур. Мамлюк дзэпщхэм зэуэпІэм ирашащ янычар, хьэрыпэ зауэлІ мин тІощІ; езы мамлюкхэр мин 12 хьэрт.

Зауэм щІадзэн и пэ, дзэм я пащхьэ иувэри, Наполеон жиІащ и Іэр пирамидэхэмкІэ ишияуэ: «ЗауэлІхэ, лІэщыгъуэ плІыщІ кьыбопІь фэІ»

Бонапарт зэриткъыкІэ, франджьыхэр зыщыІшынэр мамлюкхэрат, абыхэм ГъусэкІ кьахуэхьуа хьэрыпхэмрэ янычархэмрэ яхуэзэфІэкІын щІагъуэ зэрыщымыІэр кьагурыІуакІэт.

Мамлюкхэм я дзэпщ Мурад-бей щхьэкІэ Наполеон итхьигащ: «Тхьэр лІыгъэрэ акъыл жанкІэ кьыхуэуэпсат абы, кьыгъэ хэпльэри ди щэхурри ди мурадри кьыгурыІуэщ абы». Франджьыхэм зауэм зыхуагъэхьэзырыру зыпІэжьэ зэрымыхъунур ищІэрти, Мурад-бей Дезе и корпусым тегупЛащ, абы пэпльа хуэдэ, и дзэр зэпэзэдакъэ ищІри, Дезе щэпхьрэ топышэрэ кьатрикІутащ мамлюк шухэм. Абыхэм я щІыб кьыдыхьащ Дюгуа и дивизэр, щикІуэткІэ я гъэгур зэпиуупщІын щхьэкІэ. МафІитІым я кум щыдаубыдэм, нэгъуэщІ кьыхуэнэжьыгэкъыми, Мурад-бей ГиззэльэныкъуэкІэ иунэтІащ, мафІэм кьета мамлюк шухэр (минищ хуэдэ) зэуа пІэм иришыжри. Шуудзэр кьыззрызэхакъутар щалъагъум, ьхьэрпыт зауэлІхэм я лъэр щІэхуащ...

Нил псыхъуэмкІэ щыдгъэкІуейм, Мурад-бей щІыгъужар шу щищщ. Ибрэхьим-бей и шуудзэр, франджьыхэм кьатеуэу щІадзащ. Наполеон мурад ищІащ ахэр пшахъуэщІ ирихуэну - и шуудзэр ириутІыпщащ. Ибрэхьим-бей и дзэм хэкІуэсыкІыжьа хьэрыпт 500 Наполеон дежкІэ кІуащ: «Гъусэ дыфщІи, мамлюкхэм девгъэзэуэ»,-жари. «Ауэ ахэр я псэм апхуэдизкІэ тегужьеиІатІи, мамлюк шу хьыжьэхэм пхуэзэзэуэнкІэ уащыгурэ хъунутэкъым, - итхьигащ Наполеон. - Зы мамлюк шум хьэрыпт зауэлІ 20 щІигъэІэфынущ».

Мамлюкхэмрэ хьэрыпт зауэлІхэмрэ езым и дзэм щригъапщэкІэ, Наполеон гу, пэгъ: «Хьэрыпт зэи пэщІэтыфынукъым франджы пІэсыдзэм и мафІэм. Абы хахуэу кьыпэува щхьэкІэ, мамлюкхэм икІэм-икІэжьым зэхащІыкІащ франджьыхэр кьаззрьфІэкІри зэрыпІэмылъэщынур... Пирамидэхэм деж кьыщыдэзэауэрэ, мамлюкхэм я нэгу щІэкІащ лъэсыдзэм нэмыплъ ептт зэрымыхъунур... Хьэрыпхэм зэи зыкъэрапщытакъым франджы шуудзэм - плІым зы шу кьапэщІэмыкуамэ. Мамлюкхэр нэгъуэщІщ - ди шухэр зрапэсыххэртэкъым... Зы мамлюкыр зы франджым нэхъэ нэхъ льэщщ. Мамлюк шууищр франджьыхэм щэм кьеезэуэнущ, кьаззрыпэпльэщынум щэч кьытрамыхьэу. Ауэ шу щитІ-щитІ хъуэ зэрихьэлІэмэ, франджьыхэр текІуэнкІэ угугъэ хьунущ...»

Египетым кьыщикІыжьым, дзэм мыпхуэдэ псалъэ кьаХуигъэнэгъащ Наполеон: «Мамлюкхэм кьахэнэжа щыІэкъым, ауэ кхъбгъэсэбэп хьунущ иджыри: ахэр хьэрыпхэмрэ щейкхэмрэ я бийщи, кьыпщхьэпэнущ, Іу жуТхьэбзэ кьыпхуащІэфынущ. Мурад-бейрэ Ибрэхьим-бейрэ ди лъэныкъуэ пщІы хьунущ, пщыІэ яфІэщауэ; адрей дзэпщхэмрэ щейкхэмрэ я бийщи, кьыпщхьэпэнущ, Іу жуТхьэбзэ кьыпхуащІэфынущ. Мурад-бейрэ Ибрэхьим-бейрэ ди лъэныкъуэ пщІы хьунущ, пщыІэ яфІэщауэ; адрей дзэпщхэмрэ щейкхэмрэ я бийщи, кьыпщхьэпэнущ, Іу дзэпщхэм я кьыпхуащІэфынущ. Ар кьищІэри, Хьэтіохъущыкъуэ Шыжьей кьеззуащ, уІэгъэ щІащ, итІанэ и бейгуэл Лъэпщыкъуэ кьриуТІыпщри кьригъэукІащ...»

Къазий и къуэ Хьэтіохъущыкъуэ и адэшхуэмрэ Шужьей и адэ Жансэхуэрэ зэщІ. Шужьей щаукІар 1626 гъэрщ е зымащІэкІэ нэхъ пасэущ. Хьэтіохъущыкъуэ и цІэр уэзщІэ яхуэхъуащ абы и бынхэм: Къазий и къуэ Хьэтіохъущыкъуэ дежщ Хьэтіохъущокъуэ унэцІэр щхьещжьар, Хьэтіохъущыкъуэй Ипщэмрэ Ищхьэрэмрэ жылагъуэщІэ яхуэхъуар абы и цІэрщ.

Джатэ и щІагъ «нанэ» щыІэкъым

Хъыбар

ЗЫ ЛІЫЖЬ, мэз щыІауэ, дэшыгъуэ задэ ирихьэлІэри, къуэм къыдэнащ - витІым къыдашакъым. ЛІыжьыр къуэм къыдэнауэ, зы шу къриихьэлІащ. Шур елсыхащ, гуфэ кІапитІыр иубыдри вым къыдекъуащ: гур къуэм къыдишащ.

- Сыкъэплъэгъуакъым, услъагъужакъым, - жери шур ежьэжащ.

Шум дипльагъуар Хьэтіохъущыкъуэ хуиІуэтэжащ лІыжьым.

- Сыт и шыфэлІыфэ шум, хэт щыщ? - кьеупщІащ пщыр.

- Зыщыщыр къиэжиІакъым, шытхъуэ кІагъэ тесщ, - жиІащ лІыжьым. Хьэтіохъущыкъуэ щІыхь иригъэжьащ:

- Шытхъуэ кІагъэр къэвгъуэти, кьэфху, - жери.

Шытхъуэ кІагъэр зыхэт шыбз гуартэм ирихьэлІэри, шытхъуэ кІагъэр кьыхахуащ. Пщым ищІэрт шытхъуэ кІагъэм лІыр къызэрыкІэлъыкІуэнур. Къуалэ и къуэ Созрыхьэкіэ зэджэрт шытхъуэ кІагъэр зейр.

Къуалэ и къуэ Созрыхьэ зэрыпелуаныр зэхихат Хьэтіохъущыкъуэ, кьыхуэумысыртэкъым армыхъу. Пелуанти, игъэбзэн щхьэкІэт пщыр Къуалэ и къуэм щІыхуейр. Хигъэзыхьри, кьиумысыху, пщым Къуалэ и къуэ Созрыхьэ иутІыпщакъым. Кьыщиумысым:

- Хьунщ, - жиІащ Созрыхьэ, - Хьусин Лъэгубгъуэ сымыгъэбэн закъуэ. Хьусин Лъэгубгъуэрэ Къуалэ и къуэ Созрыхьэрэ я анэхэр зэшыпхъут. Хьусин Лъэгубгъуэ Шужьеипщым и пелуант.

- Уезгъэбзнынкъым, - жриІащ пщым Къуалэ и къуэ Созрыхьэ.

Хьэтіохъущыкъуэ ежьауэ, Шужьеипщым Къуалэ и къуэ Созрыхьэ ириджащ:

- ЩоджэнкІыхь уезгъэбэнынущ, - жери.

ЩоджэнкІыхь пхъэшыкъум къраутІыпщхьащ. ПелуанитІыр зэрыубыдри, зыкъомрэ зэрызекъуауэ, Щоджэнкіыхь пхъэшыкъум елъэжащ.

Пхъэшыкъум Хьусин Лъэгубгъуэ кьиихащ.

- ЗэшпхъуитІым дыкъалъхуащ, - жиІащ Созрыхьэ. - Щхьэ дызэрыбгъэхуэтІ.

- Джатэ и щІагъ «нанэ» щыІэкъым, -жиІащ Хьусин Лъэгубгъуэ. Зэрыубыдри, Къуалэ и къуэм Хьусин Лъэгубгъуэ хигъащІэ щыхъуэм, Шужьей, пхъэшыкъум кьебакъуэри, Созрыхьэ хэжсэкІэ кьепыджащ.

Къуалэ и къуэ Созрыхьэ и хьэдэр Хьэтіохъущыкъуэй кьашэжри щІалъхьэжащ.

ПщитІыр бий зэхуэхуащ. Къуалэ и къуэ Созрыхьэ ипь ищІэжьи мурад ищІащ Хьэтіохъущыкъуэ. Шужьеипщыр лІы зэщІэмыкІуэжт, лІыгъэшыгъэкІэ упэлъэщынутэкъым. Хьэтіохъущыкъуэ Алыджьыкъуэпщым жи кІуэри ечэнджэщащ.

- Уемыбзэджэкіауэ упалъэщынукъым, - кьыжриІащ Алыджьыкъуэпщым. - Шужьейрэ сэрэ дыззбийщ. Уэрэ сэрэ дызэщыІеижауэ дгъэІунщи, Шужьей деж укІуэнщ, уеянджэщащ.

- Уемыбзэджэкіауэ упалъэщынукъым, - кьыжриІащ Алыджьыкъуэпщым. - Шужьейрэ сэрэ дызэбийщ. Уэрэ сэрэ дызэщыІеижауэ дгъэІунщи, Шужьей деж укІуэнщ, уеянджэщащ. Тэтэртуп фыкІуэнщи, тхъэ зэхуэфІуэнщ, кьыщыбгъэзэжкІэ гъуэгум щыбгъэбэлэрыгъынщ.

Хьэтіохъущыкъуэ Шужьеипщым екІуж зищІри, пщитІыр Тээртуп кІуащ, псалъэ зэІахри къагъэзэжауэ гъуэгу здытетым, зы Іуащхьэ деж щепсыхащ.

- Мы Іуащхьэр Бахъсэныпсым нэхъ пэгъунэгъу, хьэмэ Шэджэм нэхъ пэблагъэ? - еупщІащ Хьэтіохъущыкъуэ Шужьеипщым, гъуэмылэр тхъэрыкъуэф Іэнэм къытралъхьа нэужь.

- Ди пщафІэхэм кьащІэнщ, - жари пщафІэхэр ирагъэжьащ. ПщафІэхэр Іуклауэ, Хьэтіохъущыкъуэ Шужьей еупщІащ:

- Кьамэкіэ уепыджмэ, нэхъыфІ, хьэмэ сэшхуэкІэ кьебупщІэтэхмэ, нэхъыфІ? - жери.

- Кьэрабгъэр мэпыджмэ, лІым кьреупщІэтэх, - жиІащ Шужьей, жейм здыхилъафэм.

- КьезупщІэтэхым ухуэзащ, - жери Хьэтіохъущыкъуэ Шужьей и щхьэр тІууэ зэгуихуащ, сэшхуэкІэ ешуэри.

Шужьей, и щхьэр зэгуипІэжри, кьызэфІэтІысхащ, и нэпсыр кьыщыщІэхум, Хьэтіохъущыкъуэ кьыхуеплъыхащ:

- Щхьэ угърэ? - жери.

- СыщІэгъыр сызэрыпІаракъым, - жиІащ Шужьей. - «Хэт зыуКІар?» жаІэрэ щІэупщІэмэ, «Хьэтіохъущыкъуэжь щІыкІуращ» зэрыжаІэнурщ сыщІэгъыр.

Ар жери, Шужьей и псэр хэлІащ. И хьэдэр Іуащащэм щІалъхьащ. Шужьей и Іуащхьэкіэ йоджэ абы иджыри. Іуащхьэр Бахъсэнрэ Шэджэмрэ я зэхуаку зэщІэуэ.

Тыркум щыщ адыгэ художник цІэрыІуэ Лыхьужь Ауни езым зэхэтыгъэ сурэт. *1928 гъэ*

● Сыт апхуэдэу щІыжаІэр?

«Мысыр кхъухь уиухуэ»

Апхуэдэ псалъафэ къыщыІэтенащ кІахэ адыгэхэм я деж. Къэбэрдейкіэ жыпІэмэ - «Мысыр кхъухь уиухуэ».

АДЫГЭХЭР МысыркІэ зэджэр ЕгипетыращІ. Тхьдэр щыхьэт зэрытехьэжмкІэ, илъэс миным щІигъэщІ пэрджэхэсхэм Мысырыр кІуапІэ зэрахуэхъуэрэ - египет сулъТанхэм я дзэм къулыкъу щащІэн щхьэкІэ.

Мысыр сулъТаным и дзэм къулыкъу щызыщІэ хэхэсхэм мамлюкхэ ещжу щытащ, а псалъэм «гъэр» мыхьэнэ иЭнущ зэралъытэр: мамлюкхэр хамэ хэкухэм, псалъэм папщІэ, Кавказым, ирашырт къащэхуурэ е пщІэкІэ къащтэуурэ. Абы кхъхэкІащ «Мысыр кхъухь уиухуэ» псэлъафэр («Мысырым уауша» жыхуиІащ): сабий жыІэмыдаІуэхэм щеишхьэнуэм деж ар жаІэрт адэ-анэхэм, Мысыр кхъухь ихуэхэм (хэкум ирашхэм) фЫ къаззрыпэмыплъэр ящІэрти.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

Наполеон и Египетым

**1798 гъэм Наполеон Бонапарт и дзэр Даманхурэ щыІащ, Мурадбейрэ Ибрэхьим-бейрэ я Мамлюкхэм я Іуащхьэ ирагъэжьащ. Ар Каирыр щыІэ Іуфэм ещІэжьащ. Ар Каирыр щыІэ Іуфэм ещІэжьащ. Ар Каирыр щыІэ Іуфэм ещІ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Таурыхъым и хъуэпсапIэ

Сабий ныбжьым щитым дежи цIыхур таурыхъым нэIуасэ щыхуэхъур. Абдежым щегъэжьауэ ар цIыхум игъащIэкIэ догъуэурыкIу э. Таурыхъ гуэр зымыщIэ бгъуэтынукъым, ар апхуэдизкIэ гукъинэщи. ЗыIуатэми едаIуэми ящIэ кьаIуэтэжыр зэрыпщIыр - аращ абы и нэщэнэ нэхьыщхьэр. Хьыбархэм я лъабжьэр зэгуэр къэхьугъэ-къэщIыгъэ гуэрщ. Таурыхъым апхуэдэ лъабжьэ нэхьыщ: псом ящIэ зыщIэ, щIэныгъэ зэрагупысар, зэрыжаIэщи, зэрыщыпсэр. ИтIани цIыхур - сабии балигъи - йодаIуэ таурыхъым, щедаIуэм дежи ягу кьэкIыркъым ар зэрыпщIыр (зэрыщыпсэр), гъашIэм апхуэдэ кьыдэрыщымыхъуж. Хьыбарыжьым пщы гуэр кьыхэзыгъэмэ, цIыхум гу лъэр. Таурыхъым паубыдыркъым ар: зэрыпщIыр ящIэрэ пэт, псори ило даIу.

ЯКУПIщIэ е лъытвуэ, т аурыхъэ эр гуп зыбжанэ мэхъу. Зы гупым хохьэ хьэкIэжхъуэкIэхэм ятеухуахэр - ахэр щыкуэдыкIейщ адыгэ Iуэрыlуатэм. ХьэкIэжхъуэкIэхэм ехьэлIа таурыхъхэм нэхъ дахьэхыр сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэщ: псори я тхьэщIыгъэ тегъэхуауэ йодаIуэ бажэм, тхьэкIуэмэкIыхьым, дыгъужьым, мыщэм, кьинэмыщI хьэкIэжхъуэкIэхэм, псэущхьэхэм (адакъэм, хьэм, джэдум, бжэным, дзытгъэм) я хьилагъэмрэ я Iущыгъэмрэ, я дуней тетыкIэмрэ я хьэтыгъэхэмрэ. Iуэрыlуатэм куэдрэ ущрохьэлIэ зэшхэм, щIыгу Iущхэм, зекIуэлIэхэм, зауэщыхэм ягъахъэ IуэхущIафэхэм, цIыхум и хьэгъэщагъэхэм теухуа таурыхъхэм - ахэри гуп щхьэхуэу кьыхэбгъэбелджылыкI мэхъу.

Пщыр лъабжьэ яхуэхьумэ, таурыхъэр цIыхум япэжыжьэкъым: цIыхум абыкIэ еIуатэ игу илъыр, гъащIэм, дуней щIэрепльыр. Зэрыхабзэщи, дэтхэнэ таурыхъэри еух захуагъэр гекIуэгъэ: емрэ фIымрэ зэрыкIыхьэнкъуи, фIыр сытым щыгъуи токIуэ.

Таурыхъхэр Iу эрыIуэтэм пасэ дыдэ у щызэфIэувэщ, абыкъм я нэхьыбапIэр пасэрейхэм я Iэдакъэщэжщ, пасэрей дунейм кьыще жьащ. Гъу эгъэнэ кIыхь кьыздыIу м, таурыхъ хэм лъэпкъ гъунапкъэхэри куэдрэ эпэаупщI, аращ зэгъэнэгъу лъэпкъэм кьадзэгъэгурыкIуэ таурыхъ куэдым я купщIэр щыIэзэтехуэр. Я купщIэр зэтехуэми, дэтхэнэ лъэпкъыми таурыхъыр еIым и фащэкIэ ехуапэ, и гупсысэкIэ еуэзэ, и бзэкIэ еIуатэ.

Таурыхъхэм я фащэри, я гъэпсыкIэри, я купщIэри зэлъытар ахэр зыIуатэраш: таурыхъыр зыIуатэ дэтхэнэмэ ар езым зэрыхуэзэкIкIэ, зэрыфIэкъабылкIэ, зэрыфIэдахэкIэ егъэпс, абы и фIыгъэкIэ ар куэд дыдэу зэтепщIыкIуэ мэгъэугъэурыкIуэ.

«Таурыхъ» псалъэм нэмыщI, адыгэбзэм щызэокIуэ «псысэ», «щыпсэ» псалъэхэри. Абыхэм я мыхьэнэр зэрызэщхьэщыкI щIагъэ щIыжьым, псалъэщри кьызэдагъэсэжри.

Адыгэ таурыхъ куэд щызэхуэхьэсащ иджыблагъэ дунейм кьытехьа «Таурыхъым и хъуэпсапIэ» тхылъ гъэщIэгъуэным - Ар кьыдэзыгъэкIар Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр институтыр, абы куэд щIауэ зэхэхьэсе таурыхъхэм я фIыпIэр кьыхихри, тхылъыр игъэхьэзырац филологие щIэныгъэхэм я кандидат Тхьэмокъуэ Женя. Гуп-гупыгъэ зэщхьэщыхауэ, абы итщ адыгэ таурыхъ, псысэ, щыпсэ щитIым мэблагъэ. Ахэр кьэзыIуэтэжахэм, зыгъэхыжахэм я щIэ-унэщIэхэмэ ущрохьэлIэ тхылъым. Ар кьызэIуех Нало Заур и пэ уб1э псалъэкIэ. Тхылъым и редакторэхэр Нало Заурэ Пымыжь Хьэмыщэрэщ.

Щыгъуазэ фыдоощ тхылъым ит таурыхъхэм ящыщ зым.

Адакъэ псывэ хэупIащ

«ГУЛЬ» жаIэри зы джэд пщэ пщIанэжь щыIэти, абы деж Адакъэжь хьэщIапIэ кьэкIуащ. Адрей кьыхуипщэфитIу хэмк кьадзкIуэу, пIастэ гъэжьыфI ищIри кьыхутригъэвщ. ПIастэр Адакъэжь игу щрихьым:

- КхъыIэ, Гуль, мы уи пIастэ щыкIэр сгьгъащIэ! - жиIэри кьелъэIуащ.

- СIло си пIастэ щIыкIэр? - жеIэ Гуль. - Iусэпсыр кьаIэу Iэрыхуэжьэу, шыуан дзакIэм сыдолъейри, адкIэ сылъэм, мыдкI сыкъэлъэжурэ сощIри, сщIар апху эдэу мэхъу.

Адакъэжьыр кьэкIуэжри, и пщэфIэгъэуэ кьыщысым, псы тригъэувац. Псыр кьаваэу щыхуеижьэм, Гуль зэрыжиIам хуэдэу дзпъейри, кьелъэ-нельэу щыхуежьэм, игъэмэхэ псывэм хэхуац.

Абы хэту: «СыкIуэнт сэри Адакъэ жь дек хьэщIапI», - жиIэри, Гуль кьэкIуащ.

Адакъэжьым кьыщыщIар щиль-гъум, и жагъащэ хъ ури, Гуль зифыщIыжащ. Ар дунейм зыльащIысащ. «Адакъэжь псывэ хэупIащ, Гуль зифыщIыжащ» жаIэу Кьуэгъэжь щызэхихым, бзий кьыдзэтринэжакъым.

- Мыр сIло, Кьуэргъажь, мыпхуэдэу щхьэ зуфыщIыжа?! - жиIэу Щыр кьыщеупщIым:

- «Адакъэжь псывэ хэупIащ, Гуль зифыщIыжащ» щыжаIэм, сэри ауэ зыкъэзгъэнэнкъым жысIэри, бзий кьыдзытезнэжакъым.

- АтIэ, сэри ауэ зыкъэзгъэнэжьи?! - жиIэри, Щыр иджэрэззжащ.

Аргуэрыр Псым щилъагъум:

- Мыр сыт, Щы, мыпIэ зэдэу щхьэ узэридзэкIа?! - кьеупщIащ.

- Адакъэжь псывэ хэупIащ, Гуль зифыщIыжащ, Кьуэргъажь бзий кьыздзэтринэжакъым. А кьомым ар кьащIыщщIакIэ, сэри ауэ зыкъэзгъэнэжащIкI щIагъэ щIыжьым, псалъэщри кьызэдагъэсэжри.

Адыгэ таурыхъ куэд щызэхуэхьэсащ иджыблагъэ дунейм кьытехьа «Таурыхъым и хъуэпсапIэ» тхылъ гъэщIэгъуэным - Ар кьыдэзыгъэкIар Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр институтыр, абы куэд щIауэ зэхэхьэсе таурыхъхэм я фIыпIэр кьыхихри, тхылъыр игъэхьэзырац филологие щIэныгъэхэм я кандидат Тхьэмокъуэ Женя. Гуп-гупыгъэ зэщхьэщыхауэ, абы итщ адыгэ таурыхъ, псысэ, щыпсэ щитIым мэблагъэ. Ахэр кьэзыIуэтэжахэм, зыгъэхыжахэм я щIэ-унэщIэхэмэ ущрохьэлIэ тхылъым. Ар кьызэIуех Нало Заур и пэ уб1э псалъэкIэ. Тхылъым и редакторэхэр Нало Заурэ Пымыжь Хьэмыщэрэщ.

Щыгъуазэ фыдоощ тхылъым ит таурыхъхэм ящыщ зым.

Адакъэ псывэ хэупIащ

«ГУЛЬ» жаIэри зы джэд пщэ пщIанэжь щыIэти, абы деж Адакъэжь хьэщIапIэ кьэкIуащ. Адрей кьыхуипщэфитIу хэмк кьадзкIуэу, пIастэ гъэжьыфI ищIри кьыхутригъэвщ. ПIастэр Адакъэжь игу щрихьым:

- КхъыIэ, Гуль, мы уи пIастэ щыкIэр сгьгъащIэ! - жиIэри кьелъэIуащ.

- СIло си пIастэ щIыкIэр? - жеIэ Гуль. - Iусэпсыр кьаIэу Iэрыхуэжьэу, шыуан дзакIэм сыдолъейри, адкIэ сылъэм, мыдкI сыкъэлъэжурэ сощIри, сщIар апху эдэу мэхъу.

Адакъэжьыр кьэкIуэжри, и пщэфIэгъэуэ кьыщысым, псы тригъэувац. Псыр кьаваэу щыхуеижьэм, Гуль зэрыжиIам хуэдэу дзпъейри, кьелъэ-нельэу щыхуежьэм, игъэмэхэ псывэм хэхуац.

Абы хэту: «СыкIуэнт сэри Адакъэ жь дек хьэщIапI», - жиIэри, Гуль кьэкIуащ.

Адакъэжьым кьыщыщIар щиль-гъум, и жагъащэ хъ ури, Гуль зифыщIыжащ. Ар дунейм зыльащIысащ. «Адакъэжь псывэ хэупIащ, Гуль зифыщIыжащ» жаIэу Кьуэгъэжь щызэхихым, бзий кьыдзэтринэжакъым.

- Мыр сIло, Кьуэргъажь, мыпхуэдэу щхьэ зуфыщIыжа?! - жиIэу Щыр кьыщеупщIым:

- «Адакъэжь псывэ хэупIащ, Гуль зифыщIыжащ» щыжаIэм, сэри ауэ зыкъэзгъэнэнкъым жысIэри, бзий кьыдзытезнэжакъым.

- АтIэ, сэри ауэ зыкъэзгъэнэжьи?! - жиIэри, Щыр иджэрэззжащ.

Аргуэрыр Псым щилъагъум:

- Мыр сыт, Щы, мыпIэ зэдэу щхьэ узэридзэкIа?! - кьеупщIащ.

- Адакъэжь псывэ хэупIащ, Гуль зифыщIыжащ, Кьуэргъажь бзий кьыздзэтринэжакъым. А кьомым ар кьащIыщщIакIэ, сэри ауэ зыкъэзгъэнэжащIкI щIагъэ щIыжьым, псалъэщри кьызэдагъэсэжри.

Адыгэ таурыхъ куэд щызэхуэхьэсащ иджыблагъэ дунейм кьытехьа «Таурыхъым и хъуэпсапIэ» тхылъ гъэщIэгъуэным - Ар кьыдэзыгъэкIар Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр институтыр, абы куэд щIауэ зэхэхьэсе таурыхъхэм я фIыпIэр кьыхихри, тхылъыр игъэхьэзырац филологие щIэныгъэхэм я кандидат Тхьэмокъуэ Женя. Гуп-гупыгъэ зэщхьэщыхауэ, абы итщ адыгэ таурыхъ, псысэ, щыпсэ щитIым мэблагъэ. Ахэр кьэзыIуэтэжахэм, зыгъэхыжахэм я щIэ-унэщIэхэмэ ущрохьэлIэ тхылъым. Ар кьызэIуех Нало Заур и пэ уб1э псалъэкIэ. Тхылъым и редакторэхэр Нало Заурэ Пымыжь Хьэмыщэрэщ.

Щыгъуазэ фыдоощ тхылъым ит таурыхъхэм ящыщ зым.

Адакъэ псывэ хэупIащ

«ГУЛЬ» жаIэри зы джэд пщэ пщIанэжь щыIэти, абы деж Адакъэжь хьэщIапIэ кьэкIуащ. Адрей кьыхуипщэфитIу хэмк кьадзкIуэу, пIастэ гъэжьыфI ищIри кьыхутригъэвщ. ПIастэр Адакъэжь игу щрихьым:

- КхъыIэ, Гуль, мы уи пIастэ щыкIэр сгьгъащIэ! - жиIэри кьелъэIуащ.

- СIло си пIастэ щIыкIэр? - жеIэ Гуль. - Iусэпсыр кьаIэу Iэрыхуэжьэу, шыуан дзакIэм сыдолъейри, адкIэ сылъэм, мыдкI сыкъэлъэжурэ сощIри, сщIар апху эдэу мэхъу.

Адакъэжьыр кьэкIуэжри, и пщэфIэгъэуэ кьыщысым, псы тригъэувац. Псыр кьаваэу щыхуеижьэм, Гуль зэрыжиIам хуэдэу дзпъейри, кьелъэ-нельэу щыхуежьэм, игъэмэхэ псывэм хэхуац.

Абы хэту: «СыкIуэнт сэри Адакъэ жь дек хьэщIапI», - жиIэри, Гуль кьэкIуащ.

Адакъэжьым кьыщыщIар щиль-гъум, и жагъащэ хъ ури, Гуль зифыщIыжащ. Ар дунейм зыльащIысащ. «Адакъэжь псывэ хэупIащ, Гуль зифыщIыжащ» жаIэу Кьуэгъэжь щызэхихым, бзий кьыдзэтринэжакъым.

- Мыр сIло, Кьуэргъажь, мыпхуэдэу щхьэ зуфыщIыжа?! - жиIэу Щыр кьыщеупщIым:

- «Адакъэжь псывэ хэупIащ, Гуль зифыщIыжащ» щыжаIэм, сэри ауэ зыкъэзгъэнэнкъым жысIэри, бзий кьыдзытезнэжакъым.

- АтIэ, сэри ауэ зыкъэзгъэнэжьи?! - жиIэри, Щыр иджэрэззжащ.

Аргуэрыр Псым щилъагъум:

- Мыр сыт, Щы, мыпIэ зэдэу щхьэ узэридзэкIа?! - кьеупщIащ.

- Адакъэжь псывэ хэупIащ, Гуль зифыщIыжащ, Кьуэргъажь бзий кьыздзэтринэжакъым. А кьомым ар кьащIыщщIакIэ, сэри ауэ зыкъэзгъэнэжащIкI щIагъэ щIыжьым, псалъэщри кьызэдагъэсэжри.

Адыгэ таурыхъ куэд щызэхуэхьэсащ иджыблагъэ дунейм кьытехьа «Таурыхъым и хъуэпсапIэ» тхылъ гъэщIэгъуэным - Ар кьыдэзыгъэкIар Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр институтыр, абы куэд щIауэ зэхэхьэсе таурыхъхэм я фIыпIэр кьыхихри, тхылъыр игъэхьэзырац филологие щIэныгъэхэм я кандидат Тхьэмокъуэ Женя. Гуп-гупыгъэ зэщхьэщыхауэ, абы итщ адыгэ таурыхъ, псысэ, щыпсэ щитIым мэблагъэ. Ахэр кьэзыIуэтэжахэм, зыгъэхыжахэм я щIэ-унэщIэхэмэ ущрохьэлIэ тхылъым. Ар кьызэIуех Нало Заур и пэ уб1э псалъэкIэ. Тхылъым и редакторэхэр Нало Заурэ Пымыжь Хьэмыщэрэщ.

Щыгъуазэ фыдоощ тхылъым ит таурыхъхэм ящыщ зым.

● ТхылъыщIэ

Темрыкъуэ

ТэманымкIэ тет кьаIэ цIыкIуэхэм ящыщ зым Темрюккъэ ирощ. Языныкъуэхэм зэралъытэмкIэ, абы зи цIэ зэрихьэр Къэбэрдеим и тхыдэм щыщIэрыIуэ щыщыхуэ Идар Темрыкъуэщ. Ар пэжкъым, Къаалэм зи цIэ зэрихьэр жаненипщ Темрыкъуэщ. Абы щыхьэт токъуэ тырку гъуэгурыкIуэ, тхакIуэ Эвлие Челебий.

КЪЭРАЛ, хэку, щынаIэ куэд кьыззэкIухьащ Эвлие Челебий, Тэман тIэунейрэ щыIащ - 1641, 1666 гъэхэм; абы и гъуэгуанэ тхыгъэхэр щызэхуахьэса тхыгъэхэр бзэкуэдкIэ зэдзэкIащ зыбжанэрэ дунейм кьытехьащ. Москва 1979 гъэм урысыббзэкIэ кьыщыдзэкIащ Эвлие Челебий и Гъуэгуанэ тхыгъэхэр», абы щызэхуэхьэсащ тырку гъэгурыкIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэм Кавказ Ищхьэрэм (Шэрджэсым, Къэбэрдеим, Дагъыстэнэм) теухуа хьыбархэр - езым и кIуэ щIэнагъуэ.

Эвлие Челебий зэритхьмкIэ, Тэманымкие тет Темрыкъуэ кьаIэм и тIабжьэр зыгъэтIылъар тырку сулътIан Селим Еэанэрщ. Абы и анэр жаненипщ Темрыкъуэ и щыпхъущ. И адэм, сулътIан Баязид ЕтIуанэм, емызэгъ щыхъум, Селим Жанейм, и анэ дэпхъум деж, кьэкIуащ. Жанейм ильэсищкIэ щыIащ сулътIанымк и кьуэр. И адэр лIа нэужь, Истамбул игъэзэжри, Селим сулътIан хъущ. И анэ дэпхъур щыгъупщакъым Селим: Темрыкъуэ быдапIэ (кьаIэ) хуэгъэщIащ, иужьым абы жанеипщым и цIэр теIуэкIауэ иджыри кьэс зэрехьэ.

Эвлие Челебий Темрыкъуэ щыдыхьар 1666 гъэрщ, нэгъуэщIу жаиПэм кьаIэм и лIыкIэр зэрагъэтIылъэр ильэси 150-рэ дэкIауэ. Челебий зэритхьмкIэ, а зэманым Темрыкъуэ кьаIэщхъэ хъуакIэт, кхъуьхрэ кхъуафэрэ щэбжьыгъэкIэ кьэкIуащ. Адыгэхэм нэмыщI, Челебий и кьаIэм щрихьэлIащ тырку, тэтэр, европей сатущIэхэм. Тырку тхакIуэр щыхьэт зэрытехьуэмкIэ, Темрыкъуэ и Iэщхьашхэм адыгэ (жаней, хэгъакIэ) кьуажэ плIыщI щыгъащ.

МЫЩОКЪУЭ Гъузер.

● Къаалэм цIэ хуэ хъуар

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Кьыщокъуэ Алим Переделкинэ зыщегъэпсэху. Абы и хьэщIэщ Къанокъуэ зэкъуэшхэр - Арсенрэ *(ижьыкIэ)* **Леонидрэ.** *Сурэтыр 2000 гъэм трахащ.*

КЪАГЪЫРМЭС Борис

Адыгэбзэ

Къыздальхуауэ си лъэпкъыбзэр
СыщIагъуащ, щымыIэу зэрыстын.
Си гурыщIэм и Iункъыбзэщ,
ЛъокIыр си псэр иIэтын.

Гъуэту сытетмэ - гъуэгурыгъэлъагъуэ эщ,
Сытым щыгъуи Iейм сыблеш.
И гур хощ си Iуэху мыщIагъуэм,
ФIы сыхуэзэм - уэрэд хеш.

СIурымыльтэм адыгэбзэр,
Сыадыгэу салъытэнт?!
Щымытамэ си бзэр си псэу,
Усэр дауэ згъэльэт энт?!

Бзэр зэрыльыр псальэращи,
Ар схъумэным сыхуосакъ.
ПщIэшхуэ хуэсщIэжыкIэ,
ЩыбсхуэгъэIуэр арщ си макъ.

ФIыщIэ

Ущымыгугъ фIы зыхуэпщIам
Зэгуэр кьыпхуищIэжыкIэ,-
Уэ уи кьаIэныр бгъэзэщащ,
ФIы щIэ упсэухункIэ.

Мывэмрэ абджымрэ

Абджыр мывэм йочэнджэщ:
«Уэрэ сэрэ хэт нэхь лъэщ?
Ар кьэсщIэну сэ сыхуейт».
Мывэр щымыт, зимыгъэхьейт.
«Зыри жыпIэркъыми, мывэ».
«Уи пIэм ис, абдж, укъэмывэ.
Сыноцырхъым-укьутэнщ,
Хэт нэхь быдэмк кьэщIэнщ»,-
ЖеIэ мывэм Iэдэб дыдэу.
Ауэ абджым ар имыдэ,
Нэхь быдэныр и гуращэу,
Мывэр тольэри - мэщащэ.

СыщымыIами зэуапIэм...

Сыщымыlами зэ зэуапIэм,
Кьытемыхуами шэр си лIапIэм,
Ар зытехуахэм сапIащам,
ЦIыху гуауэр пасэу зыхэсщIащ.

Iыхьлыпрэ благъэу сэ мымащIэ
Щысфэкъуэдар а зауэ гуащIэм.
Сэ зэ зэ зэмыгъэ мыр кьысфIощI:
Си ныбжьыр хъуауэ ильэс тIощI,

ЗэуапIэм силъу саукIауэ,
Си гъащIэм пасэу сыпыкIауэ,
Сримыкьуауэ джэгу хэтынкIэ,
Хьыджэбз лъагъункIэ, бын згъуэтынкIэ.
Ар кьыпщIыщIыпр сыту лей,
Захуагъэ тетмэ мы дунейм!

Iыхьлыпрэ благъэу сэ мымащIэ
Щысфэкъуэдар а зауэ гуащIэм.
Сэ зэ зэ зэмыгъэ мыр кьысфIощI:
Си ныбжьыр хъуауэ ильэс тIощI,

ЗэуапIэм силъу саукIауэ,
Си гъащIэм пасэу сыпыкIауэ,
Сримыкьуауэ джэгу хэтынкIэ,
Хьыджэбз лъагъункIэ, бын згъуэтынкIэ.
Ар кьыпщIыщIыпр сыту лей,
Захуагъэ тетмэ мы дунейм!

● Я хьэгъуэлIыгъуэр дауэ зэ-

ТЭРЧ адрыщкIэ быдапIэм сыдэст абы щыгъуэ - илъэситхуэм нэсащ ар кьыззрыхьурэ. Зэгуэрым, бжьыхь хъуауэ, гъуэмылэ кьыгтхуащIащ. Гъуэмылэщэм зы офицер щIалэ ящIыгъут, илъэс тIощIрэ тхурэ и ныбжьыкIэ жыпIэу. ЗзрыхабзэтI, къакIуэри щIалэм кьызжиIащ си дж, быдапIэм, кьулыкъущIащIэм хуейуэ и пщэ кьызззрадалъхьар. ЩIалэ псыгъэт, фагъуэт, и фащэри щIэрыпсти, гу лъыстащ Кавказым кьызэрихьэгъэ куэд зэрымыщIам. «Уэ, дауи, жысIащ, - Урысейм укъызэрикIрэ куэд щIакъым». «Пэжщ, зиускэн штабс-капитан», - жауэ кьызэрихьащ ахыр. И Iэр субыдри жесIащ: «Си гуапэщ, си гуапэ дыдэщ. ТIэкIу ущеузэшынущ мыбы... Дауи щрети, ныбжьэгъу дзызэхэзъунщ. Максим МаксимычкIэ укъызэджэмэз, зэфIэкIащ. Си дж укъызщыщIыхьэкIэ фащэ пщымыгъми, ягъэкIынкъым». Зы пэш щIэдгъэтIысхьащ.

- Сытыт и цIэр? - сеупщIащ Максим Максимыч.

- Григорий Александрович Печорин. Уи фIэщ зэрыпщIам, щIалэ хъарзынэтэмэ; ауэ и хьэлым укъыщIэуIэбжьы кьэхъурт. Псалъэм щхьэкIэ жысIэнщи, уэшхыр къожэх, щIыIэщ, итIани еящ махуэ псом мэщащIэ; псори ешащ-елIащ, ущхъунтIащ - мобы зыуи кьыщщхьэрыкъым. Дунейм кьыщытемыхьэххи кьэхъурт: бжэ-щхьэгъубжэр кьыригъэбыдзэкIынти, махуэр зи кIыхьагъым и зы псалъэ къэIунтэкъым; кьызэрыкIакIэ - и жьафэ кьежьэгъэкIым, ныбафэуэз дызэтрищIэрт... Хьэл гъэщIэгъэуэн хэлъащ, кьулей гуэрри, кьыщIэкIынт: хьэпшып лъапIэ Iэджэ кьыздрихьэжыщIт.

- Куэдрэ щыIа уи дек? - сыщIэупщIащ аргуэру.

- Зы илъэс хуэдэкIэ. Сигу кьинащ а илъэсыр, игъащIэкIэ сщыгъупщэжыкъым, си нэгу щIимыгъэкIар укIуэдыж. Я нэгу хьэлэмэт гуэр щIэкIын хуейуэ зи натIэ кьритхэ цIыкIэ щыIэкъэ?

- Хьэлэмэти? - гъэщIагъэн кьысщыхьуауэ фэ зытезгъэащ сэ, шей хуиэгъахъуэрэ.

- Зы хьэбар уезгъэдэIуэнщ. Быдапlэм верстих хуэдэкIэ нэхъ пэмыжьжьэу, ди хэгъэрейуэ зыгщ щыпсэурт. Абы и кьуэр - илъэс тщIыкIутху хуэдиз и ныбжьыкIэ - кьыдэуэсауэ быдапIэм хэсщIэрейт, махуэ кьэс щхьэусыгъуэ кьиГъуэтурэ. ЖыIпIэнурэкъэ, Григорий Александрович сэрэ щыщIакIащ щIалэ щыкIур. Дыриспырий гуэрт, зимыкун щыIэтэкъым: здэжэм епхъуыкъуэ пыIэр кьипхъуэтэрт, нощанэ еуэрт. Зыт дэбгъэнур: ахъшэ щхьэкIэ имыщIэн щыIэтэкъым. Зэгуэрым Григорий Александрович, гушыIэм кьыхихри, щIалэ-цIыкIум жриащ и адэм и мэл хъушэм хэт ажэр кьыхуихьмэ, дыщэ ахъшэ иритыну. ЩIэм епIэ: жащым ажэр бжьаныуэкIэ кьиптэфащ. Зэгуэгъэпын мурад тщIырт дыщIанакIэмэ, и нэм лъы кьытелъадэрти, щIалэ цIыкIур кьамэм епхъуэрт. «Ей, Азэмэт, уи хьэлым утекIуэдэжынущ, - жесIэрт сэ абы, - уи щхьэр зэплъхьэнщI!»

Пщыр зэгуэрым кьакIуэри, дригъэблэгъащ: ипхъу нэхъыжьыкIэ иригъашэрти, я хьэгъуэлIыгъуэт. Пщыр ди хэгъэрейти, дыщригъэблэгъакIэ дыкьыкIуэу хъунутэкъым. Дыкъащ. Хьэжэр бзэкуэджащ кьуажэм. Дыкьыщалъагъум, цIыхубзхэм лъэныкъуэ зрагъэзыжащ; дызыIуплъа закъуэтIакъуэм тхъэIухудкIэ уеджэнтэкъым. «Шэрджэс пщащэхэр нэхъ дахэ си гугъащ», - жиIащ Григорий Александрович. «Умыплащ1т!» - жысIащ сэ, си пащIэкIэ сыщIэгуфIыкIри.

Пщым и пщIантIэм цIыхур дэзт; абыхэм хьэгъуэлIыгъуэ яIэмэ, блокIри кьыблэкIыжри кьэрагъэблэгъ. Зыгъэгъэпын мурад тщIырт дыщIанакIэмэ, а зы пщым лъы кьытелъадэрти, щIалэ цIыкIур кьамэм епхъуэрт. «Ей, Азэмэт, уи хьэлым утекIуэдэжынущ, - жесIэрт сэ абы, - уи щхьэр зэплъхьэнщI!»

Пщыр зэгуэрым кьакIуэри, дригъэблэгъащ: ипхъу нэхъыжьыкIэ иригъашэрти, я хьэгъуэлIыгъуэт. Пщым ди хэгъэрейти, дыщригъэблэгъакIэ дыкьыкIуэу хъунутэкъым. Дыкъащ. Хьэжэр бзэкуэджащ кьуажэм. Дыкьыщалъагъум, цIыхубзхэм лъэныкъуэ зрагъэзыжащ; дызыIуплъа закъуэтIакъуэм тхъэIухудкIэ уеджэнтэкъым. «Шэрджэс пщащэхэр нэхъ дахэ си гугъащ», - жиIащ Григорий Александрович. «Умыплащ1т!» - жысIащ сэ, си пащIэкIэ сыщIэгуфIыкIри.

Пщым и пщIантIэм цIыхур дэзт; абыхэм хьэгъуэлIыгъуэ яIэмэ, блокIри кьыблэкIыжри кьэрагъэблэгъ. Хабзэ псори кьыткIэлъэзэрахьэуэрэ. Дишхэм зэгъапIэ хуащIари зззгъэлъэгъуащ, гу зыльеэмэыгъатэурэ: кьэхьэгуэр хэт ищIэнт?

- Я кьэгъуэлIыгъуэр дауэ зэрекIуэкIыр? - сеупщIащ сэ штабс-капитанэм.

- Молэр КъурIэным щыщ къоджэ япэщIыкIэ, итIанэ нысашэ кьэкIуахэм тыгъэ хуащI; йофэ-йошхэ; щхьэгъэ кьызздожэ; ажэгъафэр утыкум итщи, псори егъэдыхьэшх; пшапэр зэхуэмэз, хьэщIэщым щызэхотыхьэри, я IутIыжщ. ШыкIэпшынэ си гугъэжщ зэрелъэр - зы пIыжь абы йопщэ, пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ зэпуэри, Iэгу йоуэ, уэрэд жаIэ. Зы щIалэрэ зы хьэджэбзрэ утыкум йохьэри, уэрэд зэпэдэдэкIыжрэ, зэпуэ, адрейхэр кьыдожьы. Псоригъ нымрэ сэрэ жьантIэм дыдэст. Пщым ипхъу нэхъыщIэр - илъэс пщыкIуэ и ныбжьыт - кьыдбгъэдыхьэри, уэрэд жиIащ.

- Сыт уэрэд, умышIэжу пIэра?

- Мыпхуэдэ гуэр си гугъэжщ: «ЕкIу защIэщ ди щIалэхэр, хьэзыр Iупэхуц, урыс афицаер нэхъ екIужщ, и фащэри дыщэпсщи, зэщIолъдэ; щIхуи хуэдэу кьуданщ ар; ауэ ди хадэм кьыщыкIынукъым, щыгъэгъэнукъым». Печориным зыкъыIэтри, пщащэм зыхуигъэщхъащ, и натIэмрэ и бгъэгумрэ теIэбэри, и жауэ пIэр тэрмэщ хуэсщIыну кьызэлъэIуащ; я бзэр фIыуэ сощIэ сэ - тэрмэщ хуэсщIащ и жауэпIр.

Пщащэр дбгъэдэкIыжа нэужь, Григорий Александрович сеупщIащ: «НтIэ, дауэ кьыпщыхьуа?» - «Дахэкъейщ! - жиIащ абы. - Сыт и цIэр?» - «Беллэ», - жауэ естащ.

ДахэкIейр пэжт: щхьэпэлъагэт, ишат, нэфыщIэт, мыщIэ их хуэдэ, уи гущIэлъапIэм нэплъыкъ кьыпфIащIыр. Печориным, щым хъуэуэ, пщащэр нэкIэ игъэхьэрт, езыри щIэх-щIэхуэ кьыуэрэ кьхуеплъэкIыр. Печориным и кьуэрэ ехащ - а зэм фIэкI щIопщкIэ игу хэзгъэщIатэкъым игъащIэм. Зыгуп1э нэхьей, си шыр мэз щIагъым щIопльэт, си цIэр кьудамэм зэхачатхъэ, си напэр щIалхьыкI. Си шыр жыг лъэдакъэхэм щхьэпроль, кьуацэ-чыцэр бгъэгукIэ ирещIыкI. Шыр хуейм кьызнэрэ мэзым зыхэзгъэпщIкIуамэ, нэхъыфIынкIи хьунт, итIани сутIыпщым сигу пыIакIым - зорызмыутIыпщам и сэбэп кьызэкIыжащ. ШитI-щы фийуэ сщхьэпрыльэтащ; кьэзакъэр епсыхри мэзым кьыщIэхьэдауэ, си ужьыр кьэху... Кьуэ куу сы-Iууащ асыхьэтым, си шыр зымащIэкIэ Iэнкунри, зидзащ. Зидзэ щхьэкIэ, къуэм зэпрылъыфакъым, и фIалъэ лъакъуитIымкIэ нэпкъыр иубыда фIэкIа. ШхуэмыплакIэр сутIыпщри, къуэм зыдзэздащ, аращ си щыр къэзыгъэлар: къуэм дацIэфтащ. Къэзакъэм ялъэгъуащ а псор, ауэ къуэм зыри ныскIэ-лъыдыхьакъым: сикIа и гуГъэри, си шым и ужь ихьащ. Сигу фIы щыщIэнт: къуэ IуэуащI, зыдзэздыгъуауэ, удз кIырым сыпхопщ. Мэз Iунэм сынэсащ. Сольагъу: мэзым кьыщIэкIыжри, кьэзакъэ кьипл1 хуейм кьихьащ, къэзакъэм си Къэрэгёз кьажьэхэльэдащ, къэзакъэр зэрыгъэкIийуэ, шымкIэ задзащ, шым и ужь кьудэр итащ ахэр, кьрахуэкIыпэр, аркъэнкIэ яубыди пэтащ - сызэщIэкIызызащ абдежым, си нэр суфIыцIри тхьэ сельэIуащ. Си щхьэр кьэсIэтыжмэ - сольагъу: и кIэр ирисауэ, зэльатэ си Къэрэгёз, жьыбгъэм хуэдэщи; кьэзакъэр, яшхэр ешаелIауэ, абы и ужь итщ. ПэжкIэ тхьэ сольэ! Пшапэ кIыфI хъуэу, къуэм сыдзащ. АдэкIэ кьэхъуми елпIэ, Азэмэт: кIыфIым шы хьухъыщIыщ макъ кьыхэлъкIащ, къуэм кьыщIэхьэхьауэ, щыр пIэзбжьанэкIэ кьреуд. Си Къэрэгёз и макъыр кьэсщIыхужьнтэкъэ! Абы льандзэрэ дыхьэфIэкIуэдыжакъым си шымрэ сэрэ.

Сэ зэхэсхащ ар шым и пщIантIэм IэгукIэ зэрытеуIуэр, едэхащIуэр.

- Шыбэ мин хъуи гуартэ сиIатэмэ, - жиIащ Азэмэт - псори уэстынт уи Къэрэгёз щхьэкIэ!

- Хьэуэ, сыхуейкъым, - жиIащ Къазбич, ар кьыфIэмыIэхуу.

- Къазбич, - жиIащ Азэмэт, зигъэбзэIэфIу,- уэ уцIыху хэлэлпщ, ушууей хахуэщ, сэ си адэр зрысхэм яфIолъкIри, бгым сригъэхьэркъым, уи шыр кьызэти, пхуззмыщIэн щыIэкъым, ди адэм и фочхэм е и сэшхуэхэм я нэхьыфIыр кьыпхуэздыгъунщ - узыхуейр кьызжеIэ закъуэ. Ди адэм и сэшхуэр ауэ сытми сэшхуэ: и дзэм уеплъын уцощтэ, афэ джанэр - уэ пщIыбгъэ щхуэ афэ джанэр! - зэгингъэзэтыныуц, зыуи кьыщыкъунукъым.

Къазбич щымт.

- Уи шыр зэрыслъагъу лъандэрэ, - и псалъэм пищащ Азэмэт, - си цIэр сэзэгъыжыркъым, си тхьэкIуэмэм икIыркъым и щыщIащ макъэр, и лъабжьэм кьыщIих хъуасклэм си нэр кьыщепхъуэ, дунейм теткъым сфIэIэфIыж, си адэм и шыбэ гуартэм зыш хэткъым уи шым пэсщIын: я нэхъ шыфI дыдэри си нэм кьиухьыжркъым, сыщэсыни си щхьэ теслъхьэркъым, си гупсысэм хэмкIыр уи шы къэрапIэрщ, сы

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Лъэпкъыбзэхэр егъэджыныр ирагъэфIакIуэ

●Абы дегъэпIейтей

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ, балькъарыбзэмрэ литературэмрэ кIуфыт школхэм нэхъыфIу щегъэджыным ехьэлIауэ ирегъэкIуекI лэжьыгъэм ипкъ иткIэ, ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым щы махуэхэм щекIуэкIауэ семинар щыкIэпхэр, «АнэдэлхубзэхэмкIэ зэреджэ тхыльхэр 2007 - 2011 гъэхэм кьрнубыдзу егъэфIэкIуэным теухуауэ» республикэ программэ хэхар гъэзэщIа зэрыхьым зэIуцIэм щытепсэлъыхьащ щIэныгъэлIэхэр, министерствэм я IэщIагъэлIэхэр, егъэджакIуэхэр.

СЕМИНАРЫР махуитIкIэ екIуэкIащ. Ящэ махуэм, гъатхэзэм и 25-м, абы и лэжьыгъэ ехьэлIауэ щытащ школхэм я пэщIэдзэ классхэм адыгэбзэкIэ, балькъарыбзэкIэ ядж предметхэмкIэ щыIэ тхыльхэр егъэфIэкIуэным, щIэхэр кьыдэгъэкIыным, есэпымрэ ренчыным хэгъуазэ предметхэмкIэ зереджэну тхыльхэр анэдэлхубзэхэмкIэ зэдзэкIыным. А зэхуэсым хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Дорохинэ Лидие**, министерствэм и IэщIагъэлIхэр **Мэлбахьуэ Андрей, Балэ Людмилэ**, институтым лъэпкъыбзэхэмкIэ я кафедрэхэм я пашэхэу **Инчы Иринэрэ Кетенчиев Мусэрэ** «Тхыль» кьэрал IуэхущапIэм и унафэщI **Шаваевэ Iэминат**. Семинарым кьэрал щIэныгъэ-анэдэлхубзэкIэ щыIэ тхыльхэм елэжь творческэ гупэхэр, республикэм и куейхэм я егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм анэдэлхубзэкIэ я методистхэр, пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэхэр.

ЗэIущIэр кьыдэIуихащ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и унафэщI, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Емуз Нинэ**. Дэтхэнэ лъэпкым и дежкIи анэдэлхубзэм нIэ махьанэм и инагъыр кьыхигъэщу, Iэмузыр кьытеувыIащ лъэпкъыбзэкIэ хьумэным, егъэфIэкIуэным, щIблэр абы кьыщIэгъэтэджыкIыным ехьэлIауэ ди республикэм лэжьыгъэ куэд зэрыщIэсфIахьым.

- Абыхьэм ящыщщ «АнэдэлхубзэхэмкIэ зэреджэ тхыльхэр 2007 - 2011 гъэхэм кьрнубыдзу егъэфIэкIуэным теухуауэ» республикэ программэ хэхэри, анэдэлхубзэри урысыбзэри зэдзэкIажьэу республикэм и школ 13-м я пэщIэдзэ классхэм илъэситI хьуауэ сабийхэр зэрыщIагъаджэри, - жиIащ Емузым. - Мыхьэнэшхуэ зиIэщ сабийхэр зэреджэн тхыльхэр зэманым кьыхэхуигъэув кьыдэпхьэм хуэтэкIуэри. Абы ялэжь республикэм и бзэ щэныгъэлI цIэрыIуэхэр, IэщIагъэлI тепсэлъыхьащ, егъэджакIуэ Iэрыгъэ, IэщIагъэлI зыгъэгушIуэ, абы жиIащ дэтхэнэ зы лъэпкъми и анэдэлхубзэр, и щэнхабзэр абы и дежкIэ хуэгъэфIыгъэ мылъытэу зэрыщытыр нэхъ кьэкIуэну щIблэхэм я яхуэхъумэным, иджырей сабийхэм ягъэшIэрыхуэу кьэгъэхъуным лъэпкъисэ мыхьэнэ зэриIэр.

- ЩIэрыщIэу дыдэлъхьыжьыр пэщIдзэ классхэр зэреджэ тхыльхэм я зэкъуэкъым, атIэ курыт классхэм я анэдэлхубзэ литературэхэр, класс нэхъыжьхэм я тхыдэ-литературэ курсыр кьэгъэщIэрэщIэжьымэ гулыIитэ хэха хуэдощI. БэнтIри - анэдэлхубзэри урысыбзэри - зэдзэгъэлэжьэмыр, зэрыригъаджэ щIыкIэр егъэгъэфIакIуэ Iэмалхэм ящыщщ. Араш пэщIдзэ классхэм абы нэхъ щытегъащIэр.

АнэдэлхубзэмкIэ щыIэ тхыльхэр егъэфIэкIуэным, тхылъыщIэхэр зэхэгъэувным, кьыдэгъэнымым елэжь творческэ гупэхэм я пэжыгъэр зэрекIуэкIым семинарым кьрихьэлIахэр щыгъ уаэз ищIащ Шаваевэ Iэминат. Абы зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ гупэхэм я кьалэн нэхъыщхьэр, япэрауэ, егъэджэныгъэ хабзэхэм хуэзыгъэкIуэ Iэщ, анэдэлхубзэр щхьэхуэм епха дэфтэрхэр гъэхьэзырынырщ. ЕтIуанэрауэ, а дэфтэрхэр я тегъэщIапIэу, анэ дэлхубзэкIэ щыIэ тхыльхэр ирагъэфIэкIуэныр, егъэджэныгъэм бэитIри щэщIауэ кьыщагъэсэбэпыну хуэдэу. Апхуэдэу творческэ гупэ хэпIалIэ я кьэхутэныгъэхэр школ хьэхэм щыгъэунэхуным, абыхьэм кьыкIуахэр кьапщытэжу, школакIуэхэр зэреджэн тхыльхэр, классклассхэмкIэ зэхэзэуэ, кьыдэзыIыным.

- А Iуэхуэхэм жыджэру хэтщ КъБКъУ-м, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ щIэныгъэ институтым я щIэныгъэлI щэрыIуэхэр, методист Iэзэхэр, егъэджакIуэ пашэхэр. Апхуэдэхэщ щIэныгъэм я кандидатэу, докторхэр, профессорхэу Хьэкlуацэ Андрей, Къэмбэчокъуэ Бдзэм, Бищо Борис, Гъут Iэдэм, Ке тенчиев Мусэ, Ержыб Аслъэн, методистхэ зу, егъэджакIуэ зэгу Бекъан Масирэт, Токъу у Сарэ, Черкесовэ Зухра, Ульбашевэ Римэ, нэгъуэщIхэри, - жиIащ Шаваевэм. - Творческэ гупэ зэпэжьыжьа тхыльыщIэхэм ящыщ куэд «Тхыль» тыкуэным нобж щыигъуэтынущ. 2010 - 2011 гъэ ещанэ гъэзэщIэм ирихьэлIэу нэгъуэщI куэдри дунейм кьытехьэнущ.

«АнэдэлхубзэхэмкIэ зэреджэ тхыльхэр 2007 - 2011 гъэхэм кьрнубыдзу егъэфIэкIуэным теухуауэ» республикэ программэр гъэзэщIа зэрыхьым зэIуцIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщI Мэлбахьуэ Андрейрэ методист нэхъыщхьэ, эксперт Балэ Людмилэрэ.

Адэкlэ семинарым и лэжьыгъэм щыпащащ секцэ хэхаэм. Ахэр гуэшауэ щытащ егъэджакIуэхэр зыгъэпIейтей, зэлэжь Iуэхугъуэхэм, зыщрагъаджэ классхэм теущIыхьауэ. АдыгэбзэмкIэ гупэхэм я унафэщIу щытащ Балэ Людмилэ. Лэжьыгъэм хэтащ егъэджакIуэ пашэрэ Бекъан Масирэт, Сыжажэ Ларисэ, Кьасюкъул Иринэ, Токъу Сарэ, Сэрахьэ Людмилэ, Ефэнды Маринэ, Бэрэчъун Аринэ сыкъэ. БалькъарыбзэмкIэ секцэм и лэжьыгъэр кьыхэзыгъэпэщащ егъэджакIуэ Iэзэ Дэжий Жаухар.

Гъатхэпэм и 26-м семинарым и лэжьыгъэм пищащ. «КъБР-м и кьурыт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ, балькъарыбзэмрэ литературэмрэ зэрыщрагъэдж щыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ» зыкIащэ зэхуэсым, щIэныгъэлIхэмрэ Iэщ Iагъэлъэпкъ зэрыщрагъэдж программэхэм елэжь творческэ гупэхэм хэтхэр.

Зэхуэсыр кьыдэIуихыу зэлэжьыну Iуэхугъуэхэр яубзыхуа нэужь, абы кьекIуэлIахэм гупэгупэу загуэшащ. Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ гупым и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ Балэ Людмилэ, Инчы Иринэ, Мэщыкьэу Iэсият, Хьуэст Фатlимэ, Iуэхугъуэ Людмилэ, Нанэ Лерэ, Хьэгъур Светланэ, Жэмыхьэу Раисэ, нэгъуэщIхэри. ЕгъэджакIуэхэр зэзэгугъащIа я лэрэ уэхуэкIэ IэмалхэмкIэ, лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп методикэ пэрытхэмкIэ.

Семинарым и кIэухыу лэжьыгъэм кьыхэжаныкIа, методик эщIэхэр зыубзыкIу, кьэхутэныгъэ хэт егъэджакIуэхэм БКъР-м и министерствэм кьыбгъэдэкIыкъ тхыльхэр ирагъаджэ. Абыхьэм ящыщщ Пlаз Азэмэт, Тэнащ Тамарэ, Мыкьуэжь Людмилэ, Льостэн Марьяннэ, Бекъан Масирэт, Мэщыкьуэ Iэсият, Нэхуа Залинэ, Жэмыхьуэ Раисэ, Пхытlыкl Люсенэ, Сэрахьэ Людмилэ, Сыжажэ Ларисэ, Ефэнды Маринэ, Быгу Марьям, Шэрыб Маринэ, Жылаасэ Заремэ, Пщыкокьуэ Жаннэ, ШащIэ Зэружан сымэ, нэгъуэщIхэри.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Спорт

Пелуанхэр утыку йохьэ

ИДЖЫБЛАГЪЭ Нарткъалэ щекIуэкIа бэнэкIэ хунтымкIэ зэхьэзэхуэм щыIэпеуащ куейм администрацэм и унафэщIым игъэува саугъэтыр кьхьыным теухуауэ. Зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и районым псомкIыкIа спортсмен 470-рэ. Абы апхуэдэу я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Дон Iус Ростов щаIэм кьыкIа спортсменхэми.

Илъэс 15-16 ныбжьым итхэм я дежкIэ нэхьыфIу зыкьыщагъэлъэгъуащ Дей, Исламей, Зеикъуэ, Нарткъал, Хьэ-Тlохьэщыкьуэй жылагъуэхэм кьыкIа ныбжьыщIэхэм. МахуитI зэкIэлъыкIуэкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыда спортсменхэм район администрацэм кьыбгъэдэкIыу щIыхь тхылъхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратащ.

Зэхьэзэхуэм и кIэухым Аруан куейм администрацэм и Iэтащхьэ Къанокьуэ Антемыркъан спортсмен ныбжьыщIэхэм ехъуэхъащ, я ехъулIныгъэфIэхэмкIэ дяпэкIэ районым и мызакъуэу республикэ псор ягъэлъапIэу зэригъаIэр яжриIащ. Зэпеуэр зыхуэф хуэзыу егъэкIуэкIыным кIуейм къуэл администрацэм дэIепыкъуэгъу кьыхуэхьащ бэнэкIэ хунтымкIэ федерацэм и район кьудамэр, хьэрычэтыщIэхэр.

ШЭРЭДЖ Дис.

●Фэеплъ

Адыгэ уэрэд дахэ куэдым и псалъэхэр итхащ усакIуэ Къанкъуэ ФIыцIэ.
Сурэтыр 1979 гъэм трахащ.

Зауэ. Сыт хуэдиз гуауэрэ гугъуехьрэ хэлъ а псалъэ кIэщI цIыкIум. Дапхуэдиз гугъэрэ гъашIэрэ зэтрикъуэфрэ абы. Ар псоми дощIэ. Абы къыхэкIыну мамырыгъэр хьэмэным, ар къыгъэзыхьахэм хуэфащэ гулъытэрэ пщIэрэ яхуэщIыным дапщэщи хуэнабдзэгубдзаплъэу щыIэ цIыкIуитIыр. Апхуэдэ мурадхэр зи лъабжьэ зэIуцIэхэр мы зэманым дэнэкIи щокIуэкI. Арат зытеухуар Псыгуэнэу дэт курыт школ №1-м иджыблагъэ щыIэхэаца зэхьэлъэр.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и цIыхубэм Хэку зауэшхуэм кьыщиуха текIуэныгъэм дэрэкI дуней псом и цIыхубэ щIэныгъэ мыхьэнэм и инагъым тепсэлъыхьынымкIэ кьыщIадзащ дерс зэIуа щытыкIэ зиIа зэIуцIэр. Ар кьыздэгъэзэнэщащ школым и егъэджакIуэ Хьуриет Мадинэрэ ар зи класс унафэщI 5-нэ классым щеджэ цIыкIухэмрэ. Мадинэ и гъэсэнхэм дерсым кьыщIалъэтэжащ ипэкIэ нэхъыжьхэм жрагъэIэжауэ щыта зауэ хьэбар зыбжанэ. Абыхьэм я къэхэщIжьыр къэралым и дэтхэнэ цIыхуэр, Хэкур щытыкIэ гугъум ихуамэ, и псэ емыблэжу абы и кьыщыхьэщыжакIуэ лъэщу къэзыуа гъэрыщтар. Апхуэдэ «жыр блын» быдэ ар адэжь щыиналъэм иужькIи мызэ-мытIэу зэрыхуэхъуар.

Зауэм щыхуэхъум кьахуихьэ бэлыхьэмрэ мамырыгъэм и лъапIагъэмрэ ятеуухуэ уэрэд, уэсэ куэд щыIуащ дерсым. Абыхьэм кьахэщIыжьрт хэкум и щхьэхуитныгъэм папщIэ сОвет зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэр, яхэлъа хахуагъэр. ЕджакIуэ цIыкIухэм ахэр я гумрэ я псэмрэ кьабгъэдэкIыу ягъэзэщIащ.

Лыгъэм и дерсым и гъэсэнхэм кьыщыIуэта псори кьыIэщIикIуэжащ классыр унафэщIым. Абы щыкIуэхэм яхуиIуэтэжащ и адэ Къуэжакъ Хьэмыщэ, Хэку зауэшхуэм и ветераным, кьажриIэжауэ щыта зауэ хьэбгырэ. Ар къэралым и тхыдэм ар хэтащ зауэм цIыхубэм кьахуихь бэлыхьэкIэ нэрылъагъу кьыпщыщыщI напэкIуэлIу, - жиIащ егъэджакIуэм. - ЦIыхубэ насыпыр гуэхынIэ имыIэу епхащ мамыр псэукIэм, зэгурыIуэныгъэм. А фIыгъэр псоми дыбгъэхьумэ, дыкуэзгъэсакъ икIи пщIэшхуэ хуэдвгъащI а лъапIэныгъэр кьытхуэзыхьа ди нэхъыжьыфIхэм. Дыщыбмыгъэсхь абыхьэм ихуэгъэза ди лъагъуныгъэмрэ псэ хуабагъэмрэ.

Апхуэдэ ущие псалъэхэр дерсым щIэса дэтхэнэ сабийми и гум нэсащ. ЦIыкIухэм я нэгум ипIалъагъуэрт щалъхуэ щIыналъэм и ехъулIныгъэхэм папщIэ фIы куэд ялэжьыну ахэр зэрыхьэзыырыр, Хэкур хуей хьумэ, дэтхэнэри абы и хьумакIуэ нэсу къызэрыувынур.

ТАМБИЙ Линэ.
Псыгуэнэу кьуажэ.

Лыгъэм и дерс

●Текlуэныгъэ-65

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъашIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэныбжь - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм Iэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэу тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьышIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр эзтехуэ зиныту щыгъуэм.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьныр и пщэ дольщ федераль пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щиныжкIэ жэуап екъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №1Н-0065-м щIэту ягъуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Жылаас Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 4-нэ нап.)*, Пхытlыкl Юрэ *(1,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дзIэныкьэгъэ Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Гъукlэлl Рае, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №881

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭПIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛегИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Жылаас Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьк Тансэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

●Махуэгъэпс

ДызыхуэкIуэ мазэм

Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артистхэм я журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Мэзыхьэ Борис Беслъэн и кьуэр**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 8-м

♦1918 гъэм **Сихьу Сэфарбий** адыгэ усыгъэхэм я сборник кьыдигъэкIауэ щытащ.

♦**Зауэ (военнэ) комиссариатхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 10-м

♦1945 гъэм **Иуан Хьэсэн** Совет Союзым и Iыхьэжь цIэ лъапIэр кьыфIащащ.

♦1964 гъэм ягъэуващ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и уэхуакIуэ» цIэ лъапIэхэр.

♦Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и артистка, уэрэджьаIакIуэ цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Дау Марьянэ** кьыщальхуа махуэщ.

♦1957 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, политик, КъБР-м и министр **Пащты Борис Сультан и кьуэр.**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 11-м

♦1863 гъэм дунейм ехьажащ ятIэ кIуэ тхакIуэ, генералмайор **Къаз-Джэрий Сультан.**

♦УэрэджьIакIуэ цIэрыIуэ **Аслъэн Iэсят** кьыщальхуа махуэщ.

♦**ГъэрыпIэм исахэр хуит къэщIыжьыным и махуэщ**

♦**Хьэуа зыхьупмэжьыныгъэм (ПВО-м) и дзэхэм я махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 12-м

♦1961 гъэм **Гагарин Юрий** «Восток» кхъухьымкIэ дунейм щыяпэу хьэрщым лъэтащ.

♦**Космонавтикэм и махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 13-м

♦1517 гъэм Каир щхьэпылъэ щащIащ адыгэ мамлюкыдзэм и дзэпщ ин, Мысырым и сультанА**л-Ашраф Тумэнбей.**

♦1895 гъэм Урыс къэрал музей я ныбжьыщIауэ ехащ.

♦Илъэси 105-рэ ирокъу адыгэ уэзщIакIуэ, еджагъэшхуэ **ГъучIэмэхьэу Iэбубэчыр** кьыщальхуа зэраIуэрэ. 1993 гъэм дунейм ехьажащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 15-м

♦Илъэс 615-рэ и пэкIэ 1395 гъэм дзэпщхэу **Тамерланэр Тохьутэмышщрэ** Тэрэ и деж щызэхэзэуащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 16-м

♦1905 гъэм Урысейм и япэ профсоюзыр - печатым и лэжьакIуэхэм я профсоюзыр кьыхэзрагъэпэщащ.

♦1920 гъэм цIыхубэ милицэм и Налшык управленэр кьыхэIуахащ.

♦1934 гъэм Совет Союзым и Лыхьэужь цIэ лъапIэр ягъэуващ. 1991 гъэм нэсыху а цIэ лъапIэр цIыху 12.772-м фIащащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 17-м

♦Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистхэ, уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэ **КIуащ Верэ** кьыщальхуа махуэщ. 2001 гъэм дунейм ехьажащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 18-м

♦1970 гъэм**Балэ Мухьэдинрэ Кьардэн Хьэсэнрэ** я «Мадинэ», япэ оперэр ягъэуващ. Мадинэ и ролыр игъэзэщIат КъБР-м щIыхь зиIэ и артистка, уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэ **Бэгъуэтыжь Светланэ.**

♦**Фэеплъэмрэ тхыдэ зиIэ щIыпIэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 19-м

♦1783 гъэм Курымыр Урысейм гухьащ

♦1935 гъэм «Спартак» спорт зэгухэсыныгъэр зэхьэзэрагъэпэщащ.

♦1937 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэуздэжмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург **Журт Биберд.** 2003 гъэм дунейм ехьажащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 20-м

♦1937 гъэм Прохладнэ станиц къалэ хьуащ.

♦Илъэс 85-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Сындыкъ Тобий.** 1989 гъэм дунейм ехьажащ.

♦1932 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, режиссер цIэрыIуэ **Теувэж СультIан.**

♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДААМ-и и академик **Джырандокъуэ Михаил**

♦1949 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэ зиIэ я артистка, Къэрал саугъэтым и лауреат, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI **Ацкъан Руслан Хьэбий и кьуэр.**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 21-м

♦Ди эрэм и пэкIэ 759 гъэм Ромул пащтыхым Италием и щыхьэр Рим ихуащ.

♦Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щIыхь зиIэ я артистка, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал саугъэтым и лауреат**ЖьакIэмыхьу КIунэ** кьыщальхуа махуэщ.

♦1921 гъэм Налшык краевед музей кьыщыщэIуахащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 22-м

♦Илъэси 140-рэ ирокъу **Ленин (Ульянов) Владимир** кьызэралъхурэ. 1924 гъэм дунейм ехьажащ.

♦1886 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, егъэджакIуэ цIэрыIуэ**Елбэй Хьэсэн.** 1968 гъэм дунейм ехьажащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 23-м

♦1912 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ **Теунэ Хьэчим.** 1983 гъэм дунейм ехьажащ.

♦**Тхылъымрэ авторым и хуитныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 24-м

♦Къэбэрдей-Балъкъэрми Ингуш Республикэми щIыхь зиIэ я артистка, уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэ **Даур Иринэ** кьыщальхуа махуэщ.

♦**ЩIалэгъуэмрэ я зэкъуэтныгъэмрэ и дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 25-м

♦1920 гъэм Налшык япэ медицинэ Iуэхущапlэ кьыщыуIуахащ.

♦1945 гъэм совет, америкэ дзэхэр Эльбэ и деж щызэIущIащ.

♦1944 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист, пшынауэ Iэзэ **Къуэдз Iэбубэчыр.**

♦Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхь зиIэ артистка, Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и артистка **ЩIэрмэт Людмилэ** кьыщальхуа махуэщ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 26-м

♦1986 гъэм Чернобыль атом электростанцыр къэуащ

♦**Радиацэмрэ насыпныгъэмрэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

♦1952 гъэм **Мэлбахьуэ Тимбор** Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэщ Iу хахащ.

♦1991 гъэм «Лей зытехьа лъэпкъхэр гъэзэхуэжьным и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Законыр кьащтащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 27-м

♦1952 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щIыхь зиIэ я артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI **ЩIыбзыхъуэ Басир.**

♦1874 гъэм къалъхуащ Хэку зауэшхуэм быни 9, зы нысэ, къуэрылъху, пхъурылъхуу 3 зыгъэкIуа шапсыгъ бзылъхугъэ **ЩхьэлахъуэУ Чэбэхьан.** Абыхьэм ящыщу кьеоар щы кьудейщ, ауэ псэууэ къуэрэзэхьауэ езы нанэм зыри илъагъуакъым. 1943 гъэм дунейм ехьажащ.

♦**Лъэжьыгъэм и дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 29-м

♦Илъэс 240-рэ ирокъу (1770) Австралиер кьыщэрахутэрэ.

♦1942 гъэм **Кьардэн Кьуэбатий** Ленин и орденыр етIуанэу кьратащ.

♦1964 гъэм ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ «Лалуэ» япэ адыгэ балетыр.

♦**Къафэм и дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 30-м

♦1945 гъэм **Егоров Михаилрэ Кантарие Мелитонрэ** ТекIуэныгъэм и Бэракъ Пльыжьыр Берлин и рейхстагым фIащащ.

♦1945 гъэм Гитлер (и унэцIэ дыдэр Шикльгрыберщ) Адольф зиукIыжащ.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЩоджэнцIыкIу Нинэ Iэдэм и пхъурэ** кьыщальхуа махуэщ.

♦**МафIэс кьэмыгъэхъуным и махуэщ**

Зыгъэхьэзырыр
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

● Хьэужьу

Налшык щыпсэу Хьэтыкъуей Марьянэ Хьэсэн и пхъум и ныбжьыр илъэси 10 зэрырикъумкIэ дохьуэхьу

Нобэ хуэдэу удахэу, уи Iуэху сыткIи ефIакIыу, узыхэтым удекIуэу, дунейм екIур уи фащэу, уи щIэныгъэм хэбгъахьэуу, лъэпкъ нэмысыр уи хабзэу, насыпу щыIэр уи натIэу, нэхъыжьхэр кьыпхуэгъапэу, нэхъыщIэхэм уращапхъэу, уи гуГъэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэу дуней щIэращIэм кьэдгъэ Тхъэм утригъэт.

Афэхэ Мухьэмэд, Тамарэ, Аслъэн, Алим, Алихъан сымэ.

Адыгэ псалъэ

Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артистхэм я журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мэзыхьэ Борис Беслъэн и кьуэр

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 2-м

♦1911 гъэм **ЦIагъуэ Нурий** «Гъуаэзэ» газетым и япэ номер Истамбыл кьыщыдигъэкIащ.

♦1948 гъэм адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ **КIэрашэ Тембот** СССР-м и Къэрал (Сталин) саугъэтыр кьратащ.

♦Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, журналист цIэрыIуэ **АфIэунэ Раисэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦**Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 3-м

♦1904 гъэм Къэбэрдей шуэнщэр (сотнер) Кавказ бригадэм хэтэу кьызэрагъэпэщащэу щытащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 4-м

♦1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я оргбюрор кьызэрагъэпэщащ.

♦УсакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емыж МулиIэт** кьыщалъхуа махуэщ.

♦**Пасхэщ - IутIыж махуэщ**
♦**Геологым и махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 5-м

♦1248 гъэм **Невский Александр** Чудскэр гуэлым и деж нэмыцэдзэр щыIэтрикъуатащ.

♦1905 гъэм Алъхъуэй (Курп Ищхьэрэ) кьуажэм и мэкъумэшыщIэхэм зыкъаIэтащ.

♦1943 гъэм Налшык дэт дагъэ заводыр зэфIагъэувэжащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 6-м

♦1896 гъэм Афинхэм Япэ Олимп Джэгуэхэр кьыщыщэIуахауэ щытащ.

♦1930 гъэм Ленин, Вагъуэ Пльыжь орденхэр кьащтащ.

♦1937 гъэм къалъхуащ дирижер, композитор, Урысей Федерацэми Къалмыкъ Республикэми я щIыхьэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Темыркъан Борис Хьэту и кьуэр.**

♦**ЗэхэзыгъэкI (следственнэ) органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 7-м

♦1948 гъэм Узышнагъэр хьэмэныкIэ дунейпсо орГанизацэр кьызэрагъэпэщащ.

♦**Узышнагъэр хьэмэныкIэ дунейпсо махуэщ**

♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу тхакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэ зиIэ я артистка, Къэрал саугъэтым и лауреат, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI **Дзыкъан Руслан Хьэсбий и кьуэр.**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 9-м

♦1905 гъэм Урысейм и япэ профсоюзыр - печатым и лэжьакIуэхэм я профсоюзыр кьыхэзрагъэпэщащ.

♦1920 гъэм цIыхубэ милицэм и Налшык управленэр кьыхэIуахащ.

♦1934 гъэм Совет Союзым и Лыхьэужь цIэ лъапIэр ягъэуващ. 1991 гъэм нэсыху а цIэ лъапIэр цIыху 12.772-м фIащащ.

М